

PEYI NOU KA CHANJE

SE PA AYITI KI FÈ NOU, SE NOU KI FÈ AYITI

ERKI PA:
MONANO PIERRE-PAUL

Copyright © 2019 pa Monano Pierre-Paul

Ekri pa Monano Pierre-Paul
Koriye pa Monano Pierre-Paul
Desine pa Monano Pierre-Paul
Foto pa Monano Pierre-Paul
Dizay pa Monano Pierre-Paul ak www.fiverr.com/kozakura

Tout dwa rezève. Oken pati nan liv sa pa gen dwa repwodwi sou oken fòm, nan oken kondisyon, kit se pa mwayen elektwonik, kit se pa mwayen mekanik san Monano Pierre-Paul pa bay pèmision'l. Eksepte moun ki li liv sa'k gen dwa kopye kèk fraz ladan'l pou yo ekri yon atik. Si'w bezwen pèmision pou'w itilize sa'k di nan liv sa a, tanpri kontakte Monano Pierre-Paul nan monano.pierrepaul@gmail.com.

Premye edisyon: Janvyè 2019

Non ak kèk evènman ki ekri nan liv sa a se syans fiksyon ak ilistrasyon yo ye. Yo pa gen oken resanblans ak moun, vivan ou byen moun mouri, se koyensidans e yo pa entansyon delibere ekriven an.

Prente premye fwa nan Nouyòk le 12 Dawou/Out 2019

10 9 8 7 6 5 4 3 2 1

M'ankouraje'w li PEYI NOU KA CHANJE paske'l gen bon jan lide ladann ki pou louvri je'w sou sitiyaasyon peyi a, e li ensite'w pou'w al reflechi sou kijan'n ka chanje Ayiti nan fason ki pi senp la, nan fason'n panse, nan vi kotidyen'n.
-KHEDSTV, Mickey Mouse, New School, Institution la Source ou Nouvelle Source, Les Normaliens Réunis, Université Quisqueya.

M'ankouraje'w li PEYI NOU KA CHANJE paske'l dekri reyalite peyi'n e li montre'n kòman'n sipoze jere sitiyaasyon peyi a olye se moun deyò k'ap vin ede'n mete fatra'n deyò, pa ezite achte'l.
-WPP, Dumarsais Estimé, Collège Mixte de Gauss, Lycée Guy Francois Malary, Lycée Alexandre Pétion, Lycée Toussaint Louverture, Institution Mixte Foyer Divin, CUNY LaGuardia Community College, CUNY Brooklyn College.

M'ankouraje'w li PEYI NOU KA CHANJE paske tout sa k'ekri ladan yo se tout sa peyi a bezwen pou'n vrèman genyen chanjman. Liv sa se tout sa pèp Ayisyen t'ap tann pou chanje mantalite yo.
-SC, Centre d'Étude Mardoché, Institution Mixte Ultime Semence, Institution Mixte Nelson Mandela, Université Lumière.

M'ankouraje'w li PEYI NOU KA CHANJE paske'l gen anpil bon leson ladann. Li tradwi reyalite peyi a e li montre'n ke se pa nan chita fè vyolans peyi a ka chanje men se pito konsyans nou ki ka chanje sa. Liv sa se yon liv ki sipoze rive nan men dirijan'n yo konsa yo va wè ke wi, peyi a ka chanje.
-BA, Collège Mixte Foyer des Petits, Collège Saint Francois de Tours, Collège Nobel, Collège Cœur de Jesus, Université De Technologie d'Haiti.

M'ankouraje'w li PEYI NOU KA CHANJE paske'l pote'w a reflechi e fè'w wè ke mwayen kraze brize a pap rezoud kriz Ayiti. Li ensiste'w a pwopoze lòt altènatif antanke sitwayen peyi a.
-DC, École Mixte Terre Promise, Lycée Antenor Firmin, Salesiens De Don Bosco.

M'ankouraje'w li PEYI NOU KA CHANJE paske'l montre'n kòman'n ka ede tèt nou tan pou'n rete ap tann moun fè pou nou. L'ap itil ou, l'ap itil peyi a, epi l'ap ede'w chanje fason negatif nou panse de peyi a. Wi, nou ka gen yon lòt Ayiti tou nèf.
-VPP, Collège Saint-Louis Le Germany, Institution mixte Dei Virtus, Institution mixte Foyer Divin, Seide Professional School.

REMÈSIMAN AK APRESIYASYON:

M'genyen plizyè moun pou'm remèsye epi
mansyone kontribisyon yo nan reyalizasyon liv
sa:

Mèsi a:

Abraham Balan,

Sterline Calixte,

Duverson Charles,

Berdsley Aristide,

Wildo Pierre-Paul,

Karl-Samuel Balan,

Verline Pierre-Paul,

Sergine Pierre-Paul,

Jean-Cephas Pierre-Paul,

Rodjès Newtown Petit-Homme,

Dr. Kenley Hubermane Emmanuel David Saint-Victor.

Mèsi espesyal a:

JEAN WILSON PIERRE-PAUL.

MARIE-MONA LOUIS PIERRE-PAUL.

EGLISE BAPTISTE DE DUVIVIER.

EGLISE DE DIEU LA PROPHETIE DE TERRE-NOIRE.

LA FANMI PIERRE-PAUL,
MENM FANMI AN, YON LÔT JENERASYON!

PEYI NOU KA CHANJE

PREMYE AK

Premye Sèn:

Madi, nan maten.

Dezyèm Sèn:

Madi, nan aprè midi.

Twazyèm Sèn:

Mèkredi, nan aprè midi.

Katriyèm Sèn:

Menm jou a, nan aprè midi.

DEZYÈM AK

Premye Sèn:

Lendi, nan maten.

Dezyèm Sèn:

Lendi, nan aprè midi.

Twazyèm Sèn:

Jedi, nan maten.

EPÒK:

2018.

214 ANE APRE AYITI CHERI TE PRAN ENDEPANDANS
LI KÒM PREMYE PÈP NWA LIBERE.

32 ANE APRE 1986.

14 ANE APRE 2004.

8 ANE APRE TRANBLEMAN DE TÈ 12 JANVYE 2010.

LOKASYON:

SITE SOLÈY, AYITI

LIS MATERYÈL:

ALMANAK

RADYO

CHÈZ SALON

CHÈZ DODINN

TAB 4 KOUVÈ

KOUVREPLA

GALON DLO

SAK RAD

REVÈY

FRIJIDÈ

JOUNAL EKRI

3 LIV (CHAN D'ESPERANS, PLIS 2 NENPÒT LIV)

LWIL MASKRETI

PENY

NÒT :

M'EKRI LIV SA POU'M KA EKSPRESE SA'K NAN KÈ'M KONSÈNAN TOUT SA K'AP PASE NAN PEYI A JODIA. M'EKRI LIV SA KÒM YON FASON POU'M KA KONTRIBIYE NAN SA K'AP DI NAN PEYI A, SOU EKSPERYANS KE M'FÈ POU'M POTE KONTRIBISYON PA'M NAN CHANJMAN PEYI A. M'VLE KITE YON DIFERAN AYITI POU PITIT AK PITIT PITIT MWEN AVÈK PA'W YO MEN JAN'N PRALE LA A M'PA WÈ KÒMAN KE SA AP POSIB DONK M'EKRI LIV SA POU'M PA SÈLMAN MANDE'N, MEN SIPLIYE'N, METE TÈT NOU ANSANM. SE PA PEYI A KI FÈ'N, SE NOU'K FÈ PEYI A DONK JAN N'AP KONPÒTE'N NAN PEYI A PA BON POU OKEN'N NAN NOU.

M'PANSE KE GEN PLIZYÈ FASON POU'N FÈ REVANDIKASYON'N PASE SAN'N PA DETWI YOUN LÒT NAN FÈ SA. M'ANKOURANJE'N LI TÈKS SA NAN LEKÒL YO SITOU, NAN LEGLIZ, LOPITAL, PERISTIL, NAN PALMAN AN, NAN PALÈ A, NAN PÒTOPRENS KOU NAN PWOVENS, SITOU NAN PRIZON YO DE KWA POU PÈP LA KA WÈ KE GEN LÒT FASON POU YO FÈ REVANDIKASYON YO PASE. TÈKS SA OSINON PYÈS TEYAT SA PA GEN DWA JWE POU KÒB PASKE SE PA POU SA M'EKRI'L. APRE'N FINN LI OSINON JWE TEYAT SA SE POU'N CHITA ANSANM POU'N FÈ YON PALE SOU KÒMAN'N KA METE TÈT NOU ANSANM POU'N CHANJE FITI PEYI A.

M'PA SÈLMAN SWETE KE'N JWENN BÈL PLEZI NAN ZÈV ATISTIK/LITERÈ SA A MEN M'SWETE'N JWENN YON BAGAY KI TOUCHE'N NAN FON KÈ'N, KI POU FÈ'N LEVE KANPE DI "SE RA, SE TA" FÒK NOU CHANJE TÈT NOU POU'N SA CHANJE DEMEN PEYI A. ANTANKE MOUN KI KONN LI, M'ANKOURAJE'N LI TÈKS SA POU YON LÒT MOUN KI PA KONN LI KONSA'L VA JWENN PLEZI'N JWENN LA, E LI VA JWENN YON BAGAY KI TOUCHE KÈ'L EPI EDE'L NAN REYALIZE KE SE NOU TOUT--RICH KOU PÒV, ENTÈLEKTYÈL KOU ILETRE, FANM KOU GASON, MOUN ANWO KOU ANBA, ZANNANA KOU PENGWEN--KI DWE METE TÈT NOU ANSANM, SAN'N PA DETWI YOUN LÒT, SAN'N PA KRAZE BRIZE POU'N CHANJE ESKANP FIGI AYITI CHERI NOU AN. POU'N KA PI BYEN KONPRANN SA'K PRAL DI LA YO,

M'REKÒMANDE'N LI TÈKS SA OMWEN 3 FWA PA MWA
PANDAN DOUZ PWOCHEN MWA YO.

POU'M FINI M'AP KITE'W AVÈK KESYON SA A,
M'VLE'W PRAN TAN'W POU'W REFLECHI SOU LI EPI
VINI AK YOUN OU PLIZYÈ REpons POU TÈT OU:
APA DE FÈ MANIFESTASYON, KRAZE BRIZE, BOULE
KAWOUTCHOU, VOYE WÒCH, BLOKE LARI, BLOKE
LEKÒL, TRAVAY, LEGLIZ AK TOUT LÒT AKTIVITE KI
RANN PEYI A FONKSYONÈL NAN VOYE PREZIDAN AN
ALE, KI LÒT MWAYEN'W PANSE'K GENYEN POU'N FÈ
SA? KI LÒT STRATEJI'W PANSE'N KA ANPLWAYE?

PREMYE AK

(Yon kanape 6 plas koulè wouj nan salon an.)

(Gen 2 po flè nan chak kwen kanape a.)

(Yon tab devan kanape a. Sou tab la gen 3 ankadreman foto, 2 a 3 liv.)

(Foto yon ansyen prezidan ak yon almanak kwoke anlè a nan mi an.)

(Yon postè Lionel Messi ak 5 balon dò kwoke anlè a nan mi an.)

(Gen yon chèz dodinn ki pa twò lwen, gen yon tab pou moun mete pye anfas li, gen yon radyo sou tab sa.)

(Gen yon kapèt wouj atè a devan kanape yo.)

(Sou lòt bò salon an gen yon sal a manje ki gen yon tab 4 kouvè.)

(Gen yon nap wouj sou tab la. Gen kouvrepla sou tab la, yon galon dlo bò tab la.)

(Gen yon kafetyè sou tab la.)

(Yon frijidè gri pa twò lwen.)

(Rido ki nan fenèt yo gen koulè krèm.)

(Seramik ki atè a gen koulè krèm, yo gen fòm etwal.)

(Gen yon revèy ki atache anlè a nan mi an.)

PREMYE SÈN

(Madi, nan maten.)

(MADAN JEAN, FABIOLA, JUNIOR
ak DAVID chita nan salon an
y'ap pale epi y'ap ri.)

JUNIOR

M'di'w ret nan wòl ou wi.

(DAVID ap chare JUNIOR.)

DAVID

M'di'w ret nan wòl ou wi!

MADAN JEAN

David ret nan wòl ou. Kisa'm toujou di'n?

DAVID

Respekte fanm ansent ak moun ki pi gran
pase'n--

FABIOLA

Respekte andikape--

DAVID

Men Junior pa ansent non.

JUNIOR

Ok, m'ap pare tann ou.

MADAN JEAN

Tande, menm si n'ap bay blag m'vle'n pran sa
m'ap di'n la a trè o serye. M'pa vle'n jete
fatra nan lari a. Pa pipi nenpòt kote paske
lari a se salon pèp la donk nou pa vle salon'n
santi pise. Si'n nan lari a yon pipi kenbe'n,
mande yon moun ba'n yon kote pou'n pipi osinon
kenbe'l jis nou rive lakay.

FABIOLA

Manman'w genlè konn kenbe pipi dous? Ou pa
panse ke se leta Ayisyen'k pou kreye twalèt

piblik, mete irinwa pou moun ka fè bezwen yo si yo bare nan lari a?

MADAN JEAN

Li pa dous, se sa'k fè'm di'n mande yon kote pou'n pipi.

DAVID

Hahaha. Ou sonje lè'n ta pral Jakmèl mwa pase a se nan sachè nwa'n te wè moun y'ap fè bezwen yo sou wout la?

MADAN JEAN

Wouy mezanmi, tande, piga'n kite pipi a touye'n sèlman. Epi piga'n ekri nan mi kay osinon lekòl moun. Pa ekri sou kòb yo tou. Pa fè moun abi epi pa joure moun. Pa gaspiye dlo. Pa plede kite bagay konekte nan kouran an si'n pap itilize yo--

JUNIOR

Bon'n pa menm ka gen kouran pou yon bon 3 minit epi w'ap pale de gaspiyaj.

MADAN JEAN

Menm si se yon pye bwa pa ane, nou dwe plante pye bwa paske tout mòn ki nan peyi a finn mazora nèt. Lè'n nan lari a se pou'n veye limyè sikilasyon yo, konsa machinn pap kraze'n.

FABIOLA

Wi wi wi, nou tande diskou a deja--

DAVID

Se pa 2 a 3 grenn prensip sa yo k'ap ede'n chanje tout bagay an Ayiti non--

JUNIOR

Men si'n kenbe prensip sa yo n'ap rive lwen e sa ap ede'n amelyore e menm chanje sitiasyon peyi a--

FABIOLA

Nou dwe chanje tèt nou avan'n chanje peyi a.

(MADAN JEAN santi ke se nan betiz JUNIOR, DAVID ak FABIOLA ap pase'l men'l pa okipe yo. Li kontinye pale.)

MADAN JEAN

Egzakteman. Oken prezidan, senatè ak depite pap ka chanje Ayiti pou kont yo. Se mwen menm avèk nou k'ap ka ede yo chanje peyi a nan fason'n konpòte'n ladan. Moun n'ap vote yo pap ka fè tout bagay pou kont yo.

DAVID

Ok, m'ka al sou teren an kounya? Nèg yo ap tann mwen deyò a.

MADAN JEAN

Sa'k gen sou teren an? Si'n pa apresye tèt nou, nou pap janm konn valè moun ki antoure'n. Se moun ki konn sa'l vo ki valorize lòt moun. Aprann apresye talan chak moun. Nou dwe apresye e ankouraje tout sa'k bon nan lòt moun. Valorize tèt nou e fè antouraj nou konnen ke n'apresye yo.

(Telefòn JUNIOR sone. Li deplase kite mesye dam yo pou l'al reponn apèl la.)

DAVID

Tchuipe, ki moun serye'w gen'k pou rele'w?

MADAN JEAN

Kite nèg la an repo tande.

(Fènwa.)

DEZYÈM SÈN

(Menm jou a.)

(MADAN JEAN ak JEAN chita nan sal a manje a y'ap pale.)

JEAN

Yèswa'm bay Junior moso kòb lekòl Fafa a bay.

MADAN JEAN

Tekwè'w te di'm ou pa gen kòb.

JEAN

Pa vin kòmanse la non, tande!

MADAN JEAN

Konbyen kòb ou voye?

JEAN

Pa enkyete'w, m'gen tout bagay sou kontwòl.

MADAN JEAN

Se sa'w te di'm wi pou--

JEAN

Maaan Jean m'di'w m'bay moso nan kòb la--

MADAN JEAN

Kisa'k genyen'w pa ka di'm konbyen'w bay la?

JEAN

Ou pa menm mande'm kote'm jwenn li--

MADAN JEAN

M'pa konnen'w nan vòlè, kote'w jwenn li pa entèrese'm, dayè se pa di'w fèk sot di'm pa vin kòmanse?

JEAN

W'ap voye rès la ale?

MADAN JEAN

Trimès ki sot pase a la kiyès ki te peye lekòl tou lè 2? Ou menm?

JEAN

Ou pa konn se pitit pa'm sèlman yo ye. E nòm al pou'w ap mande'm sa.

MADAN JEAN

Ou'k konnen.

JEAN

M'bay Junior 1000 dola pou'l bay. Ou kontan kounya?

MADAN JEAN

Li ba'w resi a deja?

JEAN

Oh oh se yè lendi a m'di'w m'ba li'l wi.

MADAN JEAN

Konbyen'k ret pou finn peye ane a pou li?

JEAN

M'pa sonje men m'pa kwè'l anpil. Pa enkyete'w, m'ap jere sa.

MADAN JEAN

Si'w pa jere sa wa di'm kiyès k'ap jere'l pou ou. Avèk mache boule sa kote'w wè'm gen kòb pou'm nan peye lekòl? Se tout bagay mwen nèt wi m'pèdi nan mache ipolit. Menm leve la pou'm al gad sa'm te ka fè nan mache Akayè a, mèt peyi yo bloke peyi a.

(Silans.)

JEAN

Pou kiyès ou mande konbyen'k rete a? Pou Junior?

MADAN JEAN

Jean pa fè bouch mwen pale. Eske se de Junior n'ap pale?

JEAN

Pa fè kòlè sou mwen. M'pa ret avèk ou.

MADAN JEAN

Jan'w ye a la m'pa t'ap bezwen'w pou restavèk tou non.

JEAN

Rete 1500 dola pou peye.

MADAN JEAN

Tchuipe! E sa'w pa't ka di a?

JEAN

Ou kontan kounya?

(Silans.)

MADAN JEAN

Bondye'm nan konn fè mirak, pa gen anyen'l pa ka fè.

JEAN

Lari bloke, lekòl fèmen m'pa wè pou ki rezon m'ap peye lekòl sa yo non mwen.

MADAN JEAN

Lekòl ap fè tout ane a fèmen?

JEAN

Tchuipls! Konbyen fèmen'k gen ankò la?

(MADAN JEAN leve kite tab la.
Li mare tèt li. Li pran valiz li.)

MADAN JEAN

M'pral kay madan Joseph la, ann al avè'm.

JEAN

Nan lari pyeje sa kote'm prale?

MADAN JEAN

Ki mòd gason'w ye menm?

JEAN

Yon gason'k mache sou 13 li pou'l pa pile 14 li. Yon gason'k gen 3 pitit avèk ou. Yon gason k'ap redi di pou'l edike pitit li pou yo pa tonbe nan move zak menm jan ak mezi jèn gason'k sou katye a. Yon gason'k konn sa'l vle, ki pap kite pitit li mouri grangou.

MADAN JEAN

Ok.

JEAN

Ok?

MADAN JEAN

Jean sa'w te vle'm di'w la menm? Tchuips!
Enskripsyon inage lendi, enskripsyon fakilte
dwa madi ki donk Junior pa di'w kisa l'ap fè?

JEAN

M'te bezwen'w di'm si'm pa yon gason pou ou.

MADAN JEAN

Oh se pa sa'm di'w non mon frè.

JEAN

Aah ok, m'konprann! Aswè a ma montre'w ki jan
de gason'm ye.

MADAN JEAN

Gwo van, farinay lapli.

(JEAN leve kite tab la, li ak
MADAN JEAN soti deyò.)

(Fènwa.)

TWAZYÈM SÈN

(Madi, nan aprè midi. JUNIOR
ak RICARDO chita nan sal a
manje a y'ap pale.)

RICARDO

Yo m'pa wè sa pou'm ekri nan bagay sa ankò non
mwen.

JUNIOR

Jan Ayisyen fò nan politik epi'w pa jwenn
anyen pou'w ekri. A mwens ke'w pa Ayisyen--

RICARDO

Kant a pale tenten an ou pa ka pa fè sa?

JUNIOR

Fache'w fache la? Vin pran kòlèt mwen non.

(RICARDO leve pou'l kouri sou
JUNIOR. JUNIOR kouri kite chèz
kote'l te chita a.)

RICARDO

Yo m'bezwen finn ak radòt sa man.

JUNIOR

Sa'w vle'm di'w la menm?

RICARDO

Jis ban'm yon ide, m'ap debwouye'm pou rès la.

(JUNIOR ak RICARDO retounen vin chita.)

JUNIOR

Ok, ou pare? Ann ale. M'ap ba'w 2 kategori, ou menm wa chwazi sa'w vle a. Premye kategori a: Poukisa tout bagay ki an Ayiti dwe nan Potòprens? Nou gen 10 departman, nou gen pase 10 ministè donk poukisa'n pa mete youn nan chak ministè sa yo nan yon departman epi kenbe rès yo nan Potòprens? N'ap pale de desantralizasyon pandan ke'n pil sou pil nan kapital la. M'konnen ke se pap yon bagay ki fasil men'l pa enposib tou. Imajine'w ki kalite devlopman sa t'ap ede'n kreye, sa t'ap ba'n opòtinite pou'n kreye plis wout paske pou'n ale nan chak departman sa yo nou t'ap bezwen bon jan enfrastrikti woutyè--

RICARDO

Ok. Kisa dezyèm kategori a ye?

JUNIOR

Dezyèm kategori a: Si demen maten'w leve epi yo chwazi'w pou dirije Ayiti ki premye chanjman'w t'ap pote? Ki premye bagay ou t'ap fè? Si'w ta gen pou'w poze kandidati pou pòs senatè, depite osinon prezidan- poukisa'w t'ap vle yon moun vote pou ou?

RICARDO

Kontinye pale.

JUNIOR

Ok, m'reyalize ke majorite Ayisyen fò nan politik. Yo tout se politisyen. Monte sou

Facebook, Twitter ak Instagram ap di tenten, monte sou radyo ak nan tele pou y'ap di plis tenten epi pèp la menm san edikasyon, li pa konn sa pou'l fè. M'panse ke edike pèp la pi byen t'ap nan avantaj nou anpil anpil.

RICARDO

Ok, ide sa yo bon wi men m'pa kwè ke se sa pèp Ayisyen an bezwen nan moman sa la.

(JUNIOR kite tab la. Li pran yon boul, li kòmanse jwe avèk li.)

JUNIOR

A mwens ke'w pa Ayisyen osinon'w pa konprann sa k'ap pase an Ayiti. Edikasyon se kle nan tout sosyete. Si'n pa fè pwogrè nan fason n'ap edike pèp la kòman'w ta vle konprann pou pèp la fè pwogrè ekonomik, sosyal, spirityèl, kiltirèl ak syantifik?

RICARDO

Ebyen jodia m'sanble pa Ayisyen. Epi zanmi se pa de sa n'ap pale. Ou panse nan kalite grangou pèp la ye la a se avèk edikasyon l'ap panse? Moun grangou pa aprann tande frè'm.

JUNIOR

Tande'm pou yon moman, depi Ayisyen an pale li di'w se pèp la ki pou leve kanpe. Yo met tout pwoblèm la sou do pèp la ki finn kokobe tankou pèp la poko leve kanpe ase. Chak ane yon gwoup moun deside yo pou yo mete pèp nan lari. Bon kisa'n vle pèp la fè ankò la?

RICARDO

Si pèp la pa leve kanpe sa k'ap leve kanpe pou li?

JUNIOR

Talè talè, donk nan moman sa la'w panse se kraze brize a k'ap ede Ayiti sòti nan sa'l ye a la?

RICARDO

Leve kanpe pa vle di kraze brize non amigo.
Konbyen fwa pou'm di'w sa?

JUNIOR

Donk ou panse se leve kanpe nan fason sa k'ap
ede'n jwenn yon solisyon ak tout pwoblèm Ayiti
gen la yo?

RICARDO

Kòman'l te ye?

JUNIOR

Ok!

RICARDO

Se nou tout nèt wi ki pou leve kanpe a. Se pa
sèlman pèp la non.

JUNIOR

Nou tout nèt? Depi'm fèt m'poko janm wè
ni tandè yon manifestasyon milat k'ap viv
Petyonvil, Pegivil, Montay Nwa, Laboul, Vivi
Michèl ak Fèmat yo fè osinon patisipe non. Yo
pa Ayisyen menm jan ak nou k'ap viv Site Solèy
la?

RICARDO

Y'ap fè je yo chèch kòm si yo pa nan sistèm
nan.

(Silans.)

JUNIOR

M'panse ke tout Ayisyen, ke'w te medsen,
avoka, jounalis, direktè ak pwofesè lekòl,
atis, pwotestan, katolik kou vodouyizan. Nou
tout dwe met tèt nou ansanm pou'n poze yon
aksyon serye pou'n di non e ke betiz sa a
dire twòp nan peyi a men fòk nou pa nan kraze
brize anyen paske se pou nou l'ap pi mal. Chak
magazen'n kraze se bak nou fè, chak bank nou
kraze se bak nou fè, chak mache'n boule se
bak nou fè, chak kawotchou'n boule se bak nou

fè, chak fwa'n bloke lekòl se bak nou fè donk bagay sa dwe sispann. Koupe tèt boule kay la pa't janm te nan avantaj nou.

RICARDO

Talè, eskize'm, pwofesè lekòl?

JUNIOR

Pa sèlman pwofesè lekòl non--

RICARDO

Ou gen kè w'ap mande pwofesè lekòl pran lari? Moun yo deja pap touche lajan leta dwe yo kounya w'ap charabya nan tèt mwen di pwofesè dwe sesi yo dwe sela.

JUNIOR

Gad misye k'ap fè kòmsi'm pa konn de sa m'ap pale a. Rete nan wòl ou non zanmi.

RICARDO

Non, ou'k pou rete nan wòl ou.

JUNIOR

Jis imagine'w tout medsen, avoka, jij, pwofesè lekòl kou inivèsite, sendika tout kalte, gwo komès ak kòmès piti, plis atis yo deside kanpe tout aktivite men san kraze brize a--

RICARDO

Lè'w wè pèp Ayisyen an kisa'w wè menm? Kraze brize?

JUNIOR

Lè'w wè pèp Ayisyen an ou menm kisa'w wè?

RICARDO

Pa vekse entèlijans mwen paske'm konnen'w konnen'm konnen byen ke yon kesyon pa janm reponn pa yon lòt kesyon. Reponn mwen epi m'ap reponn ou.

JUNIOR

Sèl sa'm konnen se ke jou pèp Ayisyen fè yon manifestasyon'l pa kraze brize anyen konnen Ayiti tou chanje.

RICARDO

Yo Junn, se pa vre monchè.

JUNIOR

Ban'm yon manifestasyon kote pèp la pa't boule kawotchou, voye wòch ak kraze brize afè moun nan lari a.

(RICARDO ap kalkile.)

RICARDO

Ok ok, ou gen rezon! M'wè sa'w vle di a men se pa rezon sa'k pou fè'w ap pale de pèp la konsa.

JUNIOR

Ou menm ak yon seri de Ayisyen parèy ou chita ap di pa gen aranjman san dezaranjman. Pa gen omlèt san kraze ze--

RICARDO

M'dakò avèk yo wi sou pwen sa. Ou pa Ayisyen parèy yo ou menm? Monchè, nou bezwen yon gouvènman tranzisyon pran kontwòl peyi a. Men fòk yo gen yon ajanda byen klè ki vize rezoud tout gwo pwoblèm majè'k merite rezoud nan peyi a.

JUNIOR

Einhein, pale'm de pwoblèm. Dat n'ap kraze ze, kote omlèt yo? Dat n'ap dezaranje kote aranjman yo? Monchè'n pa bezwen kras gouvènman pwovizwa osinon tranzisyon. Nou jis bezwen moun ki gen vizyon pou tèt yo ak peyi a. Lè'm di pou tèt yo a m'pap pale de vin plen pòch yo non, m'ap pale de moun ki gen nen nan figi yo ak moun ki konn--

RICARDO

Atis kite'm pale non.

JUNIOR

Ok. Ok. Pale seyè, sèvitè'w ap koute'w.

(RICARDO retounen chita. JUNIOR kontinye ap jwe ak boul la.)

RICARDO

Pou mwen pwoblèm nimewo 1 an se yon pwoblèm sosyal ak ekonomik ki mete pèp la nan lari a. Se yon bagay ki gen rapò dirèk dirèk ak pwoblèm koripsyon ak enpinite ki gen nan peyi a. Li anpire pwoblèm gaspiyaj ak distribisyon resous yo, se pou politisyen Ayisyen sispann dechèpiye richès peyi a.

JUNIOR

Hmmm!

RICARDO

Se pou yo vini ak yon mwayen ki pou pote solisyon ak tout twou vid nou genyen yo, kreye yon antite k'ap asire'l bon fonksyonman sosyete a.

JUNIOR

Hmmm, kisa dezyèm la ye?

RICARDO

Pwoblèm nimewo 2 a se pwoblèm politik yo. Si'n pa demele'n kreye yon fason pou'n jwenn sitwayen konsekan pou rezoud kriz sa ki pran'n chak yon prezidan monte sou pouvwa a--

JUNIOR

Chak yon prezidan monte?

RICARDO

Atoufè'k mete'n ladann yo ap kontinye mennen'n sou teritwa kote'n pap janm gen mwayen pou'n batay e m'pap ba'w manti. Si se mwayen sa pèp la genyen pou'l bay tèt li garanti ke'l pap manje youn lòt tou vivan ebyen ke'l pran'l.

JUNIOR

Donk pou ou dezyèm solisyon an se wout kraze brize a?

RICARDO

Deja wi bòs.

(JUNIOR mete boul lan la. Li retounen al chita.)

JUNIOR

Banm mande'w sa, poukisa se toujou pèp la'n vle'k pou fè? Poukisa se pèp la'n met devan? Poukisa se li'k pou pran tout risk yo?

RICARDO

Atò jan peyi sa ye a la si pèp la pa pran desten'l an men sa k'ap pran'l pou li?

JUNIOR

Poukisa majorite nan nou chita tankou yon bann arivis gran dan, n'ap pran pòz entèlektyèl nou. Nou se elèv inage, syanzimèn, fakilte dwa, fakilte medsin sesi sela, anpil nan nou se dan devan nan manifestasyon men poutan se tann n'ap tann bagay yo chavire pou n'al pran pouvwa, pou'n ka sikile epi mennen aktivite makoklen'n?

RICARDO

Entèvansyon'w yo valid, m'respekte yo men.

(Silans.)

JUNIOR

M'pa konn si'w te konn sa, Ayiti gen anpil resous natirèl. Nou gen lò, nou gen gaz natirèl. Nou gen lanmè, nou gen mòn, nou chaje tè vid pou plante bay pèp la manje epi ekspòte pwodwi agrikòl nan lòt peyi. Selon yon estimasyon'k fèt, peyi a ta sanble gen rezèv gaz ki pi gwo nan tout monn la. Pi gwo pase menm Venezyela k'ap lonje men ba nou maten midi ak aswè a. Aparaman'n gen gaz natirèl ki evalye a 159 bilyon pye kib, plis 142 milyon barik lwil. Poukisa'w panse ke'n toujou pòv?

(RICARDO pa di anyen.)

Poukisa'n pa janm eksplwate richès sa yo pou'n bay pèp la manje? Repons la senp, paske'n pa konn kòman pou'n fè sa. Non sèlman'n pa gen politisyen'k pou ba'n mwayen legal pou'n fe'l, nou pa gen mwayen lojistik ak mekanik pou'n eksplwate resous sa yo. Epi ban'm poze'w kesyon sa, si a chak fwa'w vin la epi'w jwenn

papa'm ak manman'm ap batay, mwen ak Fabiola ak David ap goumen, tire wòch, boule rad youn lòt, boule kawotchou anndan kay la, touye youn lòt èske'w t'ap kontinye vin la?

RICARDO

Mwen menm! Ou fou? Sa'm t'ap vin fè?

JUNIOR

Ebyen se menm jan an tou, pa gen oken konpayi serye nan le monn k'ap vin investi kapital li nan yon peyi kote vire tounen pèp la ap manje youn lòt, vire tounen y'ap bloke wout boule mache, vire tounen yo gen enstabilite politik, vire tounen y'ap chanje prezidan, y'ap manifeste, y'ap kraze brize, y'ap viv chen manje chen.

RICARDO

Ou pa ka di anyen san'w pa akize pèp la de kraze brize, pa vre?

JUNIOR

Yo, atitid mètdam sa yo lèd anpil. Li pa fè lonè nou kèlkeswa degre edikasyon'n ta genyen ni kantite kòb nou gen labank si'n ta genyen osnon repitasyon ak siyati'n. Nou lèd anpil nan sans sa.

RICARDO

Antanke jèn inivèsitè, nou dwe evalye pwoblèm yo sou tout ang yo. Bagay yo pa si senp ke jan'w panse a.

JUNIOR

Sou ki ang? Ou panse milat yo ak tout lòt akolit yo ap evalye pwoblèm peyi a sou tout ang?

RICARDO

Yo, moun sa yo w'ap pale la yo sa yo gen pou yo pèdi? Pitit yo lekòl nan lekòl ameriken. Sa pitit yo pa lekòl nan lekòl Ameriken konnen pitit yo ak madan'm yo nan peyi blan.

JUNIOR

Kareman! E nou'k sòt! E nou'k pa edike donk se nòmàl se nou'k pou peye po kase a. Moun n'ap voye nan manifestasyon yo ou konn kiyès yo ye? Yo se moun Dèlma 2, Dèlma 24, moun Tokyo, moun Site Solèy, moun Lasalinn, moun Matisan, moun Gran Ravin, moun Gran Bwa--

RICARDO

E moun ki sou tèt Bwa Vèna ak anndan Fon Tamara yo?

JUNIOR

Se pa 2 chay non moun sa yo pa gen sou tèt yo kote'w wè yo rete a.

RICARDO

Tann mwen, ou di moun n'ap voye nan manifestasyon, kòm si se nou'k voye yo nan manifestasyon?

JUNIOR

Wa di'm kiyès, depi peyi cho, peyi tèt anba, peyi lòk k'ap pran ni premye ni dènye grenn katouch la. Se yo'n met devan nan chan batay la. Majorite ladan yo se jèn ki ta sipoze sou ban lekòl ap aprann yon bagay pou vin yon moun enpòtan demen pou yo ka kontribiye nan chanjman peyi a men podyab, yo pa edike e pafwa yo pa menm konn poukisa yo nan lari a ap manifeste.

RICARDO

Ou manti kou chen.

JUNIOR

M'ap parye 100 dola avèk ou, 70 pousan moun k'ap swadizan manifeste, mache pran lari a, boule kawoutchou ak kraze afè moun yo pa konn poukisa yo nan lari a. Yo jis tande yon seri de moun bezwen prezidan ale epi yo menm y'ap fè bas, pafwa pou 1000 goud.

RICARDO

Ah sa se manti!

JUNIOR

Ou panse moun sa yo konn 2 mo nan fèy malanga konstitisyon peyi a?

RICARDO

Kote yo jwenn li pou yo li?

JUNIOR

Ebyen vwala. Menm si yo te jwenn li, se konnen si yo t'ap ka li'l la atò.

RICARDO

Pèp la bouke man. Mwen menm se libète ou lanmò'l ye. Se sou sa peyi a te fonde.

JUNIOR

Ebyen vwala, tout sa yo kontribiye nan pwoblèm peyi a wi. Libète ou lamò a vle di si'm pa ka lib ebyen'm pap kite'w lib, m'ap touye'w pou'm pa kite'w lib. Yon mantalite konsa kote'w panse l'ap mennen'n? Li vle di lè'n pa ka lib nou touye youn lòt san'n pa reyalize ke se nou'k anchennen pwòp tèt nou mantalman. E pou byen di'w m'pa gen pwoblèm ak opinnyon'w la non, paske se sa yo aprann nou depi'n piti men al mande pèp la ki rezon'k fè'n bay 32 koudeta soti 1986 rive jodia pou'w wè ki repons l'ap ba'w. Ou konn konbyen prezidan Etazini ak Lafrans pase soti 1986 pou rive an 2018 la a?

(RICARDO souke tèt li.)

Etazini pase 6, Lafrans pase 5. Ou konn konbyen premye minis Kanada pase? Yo pase 6. Nou finn dechennen n'ap kite peyi a pou'n ale Chili ak Brezil, ou konn konbyen prezidan yo pase yo menm? Brezil pase 8, Chili pase 8 tou. Ou konn sa'k fè'm pi dous la?

RICARDO

Sa'k fè'w pi dous la? Banm wè...ehhh...li kòmanse pa la li fini pa yèt?

JUNIOR

M'ap pale'w bagay serye w'ap ranse ou menm. La a Sendomeng, ou konn konbyen prezidan yo pase soti 1986 pou rive 2018 la a? Yo pase 6. Ou

kwè'w tande sa'm di'w la? 6 prezidan. Nou menm ou konn konbyen'n pase?

(Silans.)

RICARDO

Hey, hey, pa koute kòlèt kras ou zanmi'm. Si'n bay 32 koudeta donk m'ka fè kontwòl la. Sa vle di'n voye 32 prezidan ale, m'pa pi sòt ke sa. M'pap kouri pou koze 32 koudeta a non men patizan tande, libète ou lamò a, se tout yon ideyoloji'l ye. Li pa jis yon senp fraz ke'w ka analize konsa paske'l gen tout yon kontèks, yon konsepsyon, yon pèsepsyon ladann. Li pa rezime jan'w vle dekri'l la. Pou mwen'l vle di si'w paka lib ou pa bezwen viv, si'w pa vle mouri w'ap mete gason sou ou pou'w fè tout sa'w dwe fè pou'w lib.

(Silans.)

JUNIOR

Ok, m'pa gen pwoblèm ak sa'w di yo non men kounya e milat yo? Ki dènye fwa'w te wè--

RICARDO

Tande'm, lè'w byen gade, pyès milat osinon moun rich ki nan peyi a pa sou pran okenn risk pou yo pa pèdi konfò yo. Kounya tout privilejye chita sou bout blòk glas yo y'ap tann pèp pran lari anba grenn bal ankò.

JUNIOR

M'pap defann milat non men imajine'w, si'w te gen biznis ou epi chak manifestasyon'k genyen pèp la voye wòch sou li, li kraze'l osinon fè dechoukaj ladan, kòman'w t'ap santi'w? Milat yo se antant ki pou fèt ant yo ak nou paske'n bezwen yo e yo bezwen'n. San yo menm pap gen pil biznis sa yo nan peyi a, e san nou menm biznis yo pap ka fonksyone. Ou reyalize ke majorite biznis prive, majorite konpayi machinn, majorite konpayi asirans, majorite otèl, majorite makèt ak majorite plaj ki gen nen nan figi yo nan peyi a se pou milat ak nèg anwò?

RICARDO

M'ap swete'w reyalize ke youn nan milat sa yo tou, youn ki gen konpayi machinn sou Dèlma a se yon gwo kidnapè devan papa letènèl. Ou pa panse ke moun w'ap pale yo la a nan mobilizasyon pèp la tou?

JUNIOR

Milat yo?

RICARDO

Ahhh, m'pa konnen men m'pap sezi non si'm ta tandè yo enplike nan bay pèp la lajan pou leve dèyè prezidan'k pa nan avantaj yo.

JUNIOR

Ki dènye fwa'w te wè figi youn ladan yo nan manifestasyon?

RICARDO

Jamè wè bagay konsa depi'm fèt.

JUNIOR

Ebyen sa w'ap mande'm la zanmi. Yo itilize pèp la ki san edikasyon. Menm jan ak politisyen yo ki lage yon bouda monnen nan men pèp la epi fè yo goumen antre yo. Tout sa se paske pèp la san edikasyon.

RICARDO

M'panse ke moun sa yo gen men yo nan sa k'ap di nan peyi a kanmèm. Menm si'w pa wè yo, yo la. Yo kontribiye yon fason ou yon lòt nan sa k'ap deside pou pèp la.

(Silans.)

JUNIOR

Yèsou m'ap gad manman'm ki fè tout nwit la ap kriye paske'l pa ka ale nan mache a. Nèg yo boule mache a ra pye tè. Depi se sa madan'm lan te gen nan mache a li pèdi tout. Depi apre 12 Janvyè m'poko janm wè'l kriye konsa non.

RICARDO

Tèt chaje bro! Li pa ale Akayè? Sa papa'w di?

JUNIOR

Tchuipe! Nèg sa se nan yon rèv l'ap viv wi. Avan'l pale li di'w sou Duvalier pa't gen bagay konsa. Ak peyi bloke sa kote madan'm la ap pase pou'l al Akayè sa? Anplis, pon Rivye Griz la tonbe.

RICARDO

Anh misye toujou nan Duvalier sa?

JUNIOR

Tchuipe! Kareman frè'm. Misye ap fè'm depeste'l de jou an jou.

(Silans.)

RICARDO

Demen ap fè 3 semèn depi nèg yo pran machinn la epi tire papa'm man. Bagay la ap manje'm. Jis kounya nèg yo poko janm ka di'n kiyès ki fè zak la paske yo pa gen ase lojistik pou ede yo. Avan'n bat je'n la a nou pral tandè lankèt se pouswi epi sanzave menm ap mache sen e sof nan mitan moun.

(Silans.)

JUNIOR

Kòman manman'w ye?

RICARDO

Jan m'ap gade a la manman'm pa lontan fòl bro. Yè fè'l 3 jou depi'l pa vle manje. Tout sa'n fè pou'l manje'l pa vle. Soup, bouyon ah anyen. Kòman'w panse'm pral fè viv nan yon peyi tankou Ayiti san manman san papa?

(Silans.)

JUNIOR

Tout bagay sa yo se akòz vye desizyon'n pran.

RICARDO

Kòman vye desizyon'n pran an?

JUNIOR

Chwa politisyen n'ap fè yo. Se nèg yo wi ki lakoz ensekirite a wi.

RICARDO

Ou pa konn konbyen fwa lide achte yon zam monte nan tèt mwen.

JUNIOR

Achte yon zam pou'w fè kisa?

(Silans.)

RICARDO

Ah m'bouke ak bagay sa man.

JUNIOR

Yooo, tandè'm. Zam ou se edikasyon'w li ye zanmi'm. Pa kite lòt nèg yo pran tèt ou. Zam la pap itil ou anyen, okontrè se detwi l'ap detwi'w.

RICARDO

Ah kòman'w fè konnen bro?

(Silans.)

JUNIOR

Yo ou panse lide achte zam sa pa monte nan tèt mwen deja?

RICARDO

Yèswa nèg yo fouye 3 moun bò rigòl la. Yo vin ofri'm nan lajan an m'pa pran'l.

JUNIOR

Ou byen fèt bro. Pa patisipe nan bagay sa ak nèg yo. M'ap konseye'w pou'w sispann mache ak yo tou. Nèg sa yo pa ka zanmi'n paske'n pa pral menm kote ak yo.

RICARDO

Nèg yo bliye ke y'ap kenbe yo yon jou menm jan yo kenbe epi touye depi se bandi, chimè'k te leve nan zòn la. M'pa tèlman mache ak yo ankò tou non. M'poze'm lakay mwen. Ou wè menm la a m'pa prèske vini ankò.

JUNIOR

Wi man, sa se nan avantaj ou li ye. Pa fè

menm jan ak yo. Y'ap fini mal. Pa al lage tèt ou nan fimen, bwè kleren ak fouye moun epi demen'w detwi lavi'w pou granmesi. Ou gen avni, ou jèn, avni peyi a se nan men'n li ye.

(JUNIOR ak RICARDO soti deyò.)

(Fènwa.)

KATRIYÈM SÈN

(Mèkredi, nan aprè midi.)

(MADAN JEAN rantre, li pou kont li.)

(Linèt MADAN JEAN nan je'l, chan d'esperans li nan men'l l'ap chante pandan l'ap fè va e vyen andedan kay la.)

MADAN JEAN

(1)

Moun ki mete nan Jezi
Yon konfyans ki san mezi;
Yo kapab pa janm tonbe
Delivrans yo asire.

(Refren)

Ak konfyans mwen va mache
Ak konfyans m'ap triyonfe;
Ak konfyans jiska la fen
Bondye va louvri chemen.

(2)

Ak konfyans mwen va mache
Kout ke kout pèsevere;

Jezi Kris fè mwen pwomès

Li ak mwen nan tout detrès.

(Pandan MADAN JEAN ap fè va e vyen nan kay la, telefòn li sonnen.)

(MADAN JEAN mache al pran telefòn la, li gade kiyès ki rele'l la.)

(MADAN JEAN pran tan'l gad nimewo a epi'l reponn apèl la.)

Alo madan'm, kòman'w ye la. Apa nou sè'm. N'ap odebat wi.

(MADAN JEAN chita sou tab la, genyen 4 kouvrepla, yon sachè pen, yon bokal konfiti, yon bokal manba, yon pat fig ak yon galon dlo sou tab la.)

Sa'w di'm la madan'm? Premye nouvèl. Lè Jean vini pou'm mande'l bagay sa. Hmmm. Hmmm. Hmmm. Kòman mesye dam yo ye menm? Tèt chaje! Di moun yo ret lakay yo wi, a peyi tèt anba sa.

(FABIOLA rantre vin sot lekòl.)

(FABIOLA lage valiz liv li atè a. Li retire soulye ak chosèt nan pye'l nan mitan kay la.)

(MADAN JEAN toujou nan telefòn men l'ap gade FABIOLA ki chita sou tab la ap bere pen pou'l manje.)

MADAN JEAN

Mèwi. Se konsa moun sa yo ye wi. Yo pa konn chwazi. Avan'w bat je'w yo ta fè manifestasyon. Vire tounen youn ap touye lòt. Lòt jou a m'ap gade yon manman k'ap rakonte. Wi madan'm. Fi

a voye sèl vye grenn pitit li lekòl byen pwòp,
pèp la manje'l. Madan'm ooooh! Zansèt nou yo
sèlman'k ka di yon mo pou nou.

(MADAN JEAN fè FABIOLA siy
pou'l retire soulye ak chosèt
li yo nan mitan kay la.)

Ebyen ale non madan'm. Na pale apre. Salye
mesye dam yo pou mwen.

(MADAN JEAN pran yon gode dlo
pou'l bwè. Pa gen anpil dlo
nan galon an.)

FABIOLA

Pa bwè tout non.

MADAN JEAN

Ou monte sou mwen'w pa di'm bonswa. Ou vini
la a, ou lage tout rad sou ou atè a. Ou pa
lapriyè, ou pa lave men'w epi'w ap pase'm lòd
sou tèt galon dlo'm nan. Oh! Oh! Ki sant ou
pran?

(FABIOLA leve, li ranmase
chosèt ak soulye'l yo atè a.
Li pran valiz la li mete'l sou
yon chèz.)

FABIOLA

Bonswa manman.

MADAN JEAN

Bonswa Fabiola, kòman'w ye?

FABIOLA

Mèsi Bondye paske'w te fèm soti, ou fè'm
rantre. Amen!

MADAN JEAN

Si'w panse'w demwazèl, ou pa demwazèl pou mwen
non tande.

FABIOLA

Sa'm ye? Papiyon?

(MADAN JEAN pa okipe FABIOLA
ak tout repons li a.)

MADAN JEAN

Fè rapid finn manje pou'm ka penyen tèt ou.

FABIOLA

Penyen? Se yè maten'w peyen'm wi.

(MADAN JEAN rale yon chèz
pou'l chita. Li pran yon
kreyon ak yon kaye l'ap ekri.)

(MADAN JEAN ap pale pou kont
li pandan l'ap ekri.)

MADAN JEAN

5 kès lwil mazola pou...2 kès pat tomat pou...
Hmmm, 2 kès bè pou...20 sak diri chela pou...
Hmmm, 5 sak pwa leta pou...5 sak pwa nwa
pou...Hmmm...

FABIOLA

Sa w'ap kalkile la? Manman m'gen yon bagay
pou'm di'w wi.

MADAN JEAN

Fè rapid finn manje pou'm ka penyen'w.

FABIOLA

Wi sè pa'm.

(MADAN JEAN kontinye ap pale
pou kont li pandan l'ap fè
kontwòl.)

MADAN JEAN

Si'm achte bagay sa yo Malpas y'ap pran'm twòp
kòb. 3 sak farinn...4 sak mayi moulen...5 sak
sik--

FABIOLA

Poukisa w'ap fè kalkil sa?

MADAN JEAN

Sa m'ap bezwen pou'm achte lè yo re-ouvè mache
a pitit.

FABIOLA

M'fini wi sè pa'm.

MADAN JEAN

Pran pakèt rad sa vin mete'l devan'm nan pou'w chita.

(FABIOLA leve l'al chita sou yon pakèt rad pou MADAN JEAN penyen cheve'l.)

MADAN JEAN

Pitit chita kò'w trankil pou'm penyen'w non.

FABIOLA

Demèn si Bondye vle, lè'm finn doktè m'pap nan penyen tèt mwen chak jou.

MADAN JEAN

Doktè?

FABIOLA

Wi. Fakilte medsinn tèt dwat li ye.

MADAN JEAN

Ou konn konbyen tan w'ap pran pou'w aprann medsinn?

FABIOLA

Pi piti 7 ane, pi plis 10 ane.

MADAN JEAN

Jan'w pa renmen etidye sa, ou pral fè 7 ane anplis sou ban lekòl ap etidye medsinn?

FABIOLA

E la'w ye, wa wè.

MADAN JEAN

Adjewidan mesye.

FABIOLA

Ou pa kwè'm?

MADAN JEAN

E sen toma'm ye. Lè'm wè ma kwè.

FABIOLA

Ou mèt tou al ret Tomazo.

(Silans.)

MADAN JEAN

Ou pa janm tande pale de Tomasen ak Tomasik?

FABIOLA

Non men m'konn tande pale de Tomasèl.

MADAN JEAN

Fafa jan sitiasyon peyi an ye la a pa konn fè'w dekouraje ak lekòl la pafwa?

FABIOLA

Wi men m'pap kite sa k'ap fèt yo dekouraje'm.

MADAN JEAN

Egzakteman, piga'w dekouraje ak lekòl la paske konesans ou se li'k pa'w. Se li w'ap ka itilize kòm zam pou'w genyen batay lavi a, pa neglije etid ou. Nenpòt jan sa ta ye a ou dwe toujou rete detèmine ak motive pou'w reyalize rèv ou. Dayè se mank konesans ki fè peyi a tonbe nan tchouboum li ye la a. Ban'm di'w, ou panse si pèp la te bon jan fòme se mòd dirijan sa yo nou t'ap genyen? Ou panse se eta sa Ayiti t'ap ye?

FABIOLA

Non, m'pa rete kwè sa.

MADAN JEAN

Ebyen pitit fi cheri'm la, degaje'w mete konesans sou ou, bat bèt ou. Kontinye travay pou'w atenn objektif ou, m'swete'w gen anpil kouraj paske menm si jodia mwen ak papa'w ap redi pou'w ka rive yon bagay demen, ou sipoze konnen ke nou pap la avèk ou pou tout tan. Papa'w ap bourike lari a tout jounen tout lannwit donk yon bon jou, mande Bondye padon, li ka sòti epi'l pa rantre.

(Silans.)

Sa'k fè'w bezwen vin doktè la menm?

FABIOLA

Nan ane 1800, 4 ane avan peyi a pran endepandans li nan men kolon blan Fransè yo, madan papa Dessalines—

MADAN JEAN

Manman Catherine-Flon?

FABIOLA

Wi, Marie-Claire Heureuse.

MADAN JEAN

Sa'l te genyen?

FABIOLA

Ou konn sa'l te konn fè?

MADAN JEAN

Non, kisa?

FABIOLA

Li te bay tèt li yon sèl okipasyon.

MADAN JEAN

Humm humm. Sa okipasyon sa te ye la menm?

FABIOLA

Okipe moun ki blese ak moun ki nan grangou yo. Li fè yon jan'l konvenk papa Dessalines pou'l ka ouvri yon seri de wout pou moun ki malad ka jwenn mwayen pou yo antre nan vil la pou'l ka ede yo. Anplis de sa, li ekipe yon ekip fanm ak manje, rad plis medikaman pou yo ka al pran swen lòt moun ki nan bezwen nan vil la.

MADAN JEAN

Eske'w konn sa'k pi bèl nan istwa sa?

FABIOLA

Non, kisa?

MADAN JEAN

Marie-Claire Heureuse ak tout lòt medam sa yo te konn kwit manje yo nan mitan lari a.

FABIOLA

Bon'w te konn istwa a epi'w kite'm pale tout pale sa yo?

MADAN JEAN

M'te bezwen wè si'w konn sa w'ap pale a. Avèk pil manifestasyon sa yo, lari bloke, lekòl fèmen'w konn nan konbyen tan w'ap fini pou'w antre nan inivèsite?

FABIOLA

Pa okipe'w. M'ap fini. Pèp la pa ka bloke peyi a pou tout tan.

MADAN JEAN

M'espere sa.

FABIOLA

Espwa se sèl sa'n genyen nan moman an.

MADAN JEAN

Papa'w di'w li bay Junior peye moso nan kòb lekòl la pou ou?

FABIOLA

Non.

MADAN JEAN

Li di'm li bay Junior 1000 dola bay.

FABIOLA

Junior ba'n resi a deja?

MADAN JEAN

Non.

FABIOLA

Humm!

MADAN JEAN

Humm kisa?

FABIOLA

Anyen non.

MADAN JEAN

Kounya la kiyès ki met lide medsin sa nan tèt ou? Marie- Claire Heureuse?

FABIOLA

Oh oh, se yon moun ki te pou met lide a nan tèt mwen? M'pa ka deside vin yon doktè pou kont mwen?

MADAN JEAN

M'pa konnen, m'pat janm te konn tande'w ap pale de bagay konsa m'panse se yon moun ki ba'w lide a.

FABIOLA

Lè Junior te di'l pral aprann--

MADAN JEAN

Ok banm tèt mwen pitit.

FABIOLA

Tèt ou pa nan men'm non.

(MADAN JEAN detire yon trèss cheve nan tèt FABIOLA.)

Ayyyyy, li fè'm mal wi.

MADAN JEAN

Epa papiyon'w ye?

FABIOLA

Manman talè, bagay la fè'm mal wi.

MADAN JEAN

Pitit ban'm tèt mwen avèk li fè'w mal ou a. Pase lwil maskreti a ban'm.

FABIOLA

Banm al achte yon galon dlo paske pa gen dlo pou bwè. Nou pa ka dòmi nan yon kay san dlo.

MADAN JEAN

Pitit chita dèyè'w la. M'prèske fini.

FABIOLA

M'gen pipi.

(MADAN JEAN pa okipe FABIOLA. Li kontinye penyen tèt li.)

MADAN JEAN

Fafa tande, m' vle'w pran anpil prekosyon lè'w nan lari a. M'pa vle'w pran kòb ni manje nan men pyès moun ou pa konnen. M'pa vle'w nan makònen ak limena sa yo m'wè ki vin sot lekòl ansanm avèk ou yo.

FABIOLA

E Line?

MADAN JEAN

Mwen menm ak papa'w ap redi pou'n ba'w yon edikasyon nan yon peyi ki pa menm finn bon. Se mèt kòk ki veye kòk. Lè lekòl lage, m'pa vle'w pase kay pyès moun.

FABIOLA

Ou pa di anyen pou Line non.

MADAN JEAN

Pitit m'ap pale avèk ou kite'm pale non.

FABIOLA

Men manman--

MADAN JEAN

Men manman de wat?

FABIOLA

Ok, kite sa.

MADAN JEAN

Rantre lakay ou vin etidye epi fè devwa'w. Dayè, m'pa ba'w anyen fè pou mwen la, m'fè tout afè'm dekwa pou'w ka jwenn tan pou'w regle koze lekòl ou.

(MADAN JEAN pran yon poz nan penyen.)

(FABIOLA leve l'al pran enpe dlo pou'l bwè epi l'al pipi.
MADAN JEAN kòmanse chante.)

MADAN JEAN

(1)

Chè Seyè kenbe men'm.
Ede mwen rete fè'm.
Mwen bouke, fatigue, tèlman.
Nan loraj, nan fè nwa.
Klere wout la devan'm.
Kenbe men'm, chè Seyè, fè'm rive.

(2)

Lè chemen'm difisil.
E m'bezwen ou anpil.
Seyè, rete la tou pre mwen.
Lè mwen prèt pou ale.
Ede'm pou'm pa bite.
Kenbe men'm, chè Seyè, fè'm rive.

(3)

Lè solèy la kouche.
E nwit la apwoche.
E tout la vi mwen va fini.
Ede'm pa regrete.
Nan ou sèl mwen konfye.
Kenbe men'm, chè Seyè, fè'm rive.

(MADAN JEAN wè FABIOLA poko
tounen soti nan twalèt la.)

Ou tonbe nan twalèt la pitit?

(FABIOLA retounen vini jwenn
MADAN JEAN.)

FABIOLA

Dat m't'ap di'w m'gen pipi a si'w te kite'm
ale m't'ap gentan fini wi.

MADAN JEAN

Kiyès nan medam yo ki Line lan? Nyès vwazen an?

FABIOLA

Non, se pa li. M'ap pale'w de grimèl la.

MADAN JEAN

Ki klas l'ap fè?

FABIOLA

Nou nan menm klas manman.

MADAN JEAN

M'pa janm tande'w pale de li non mwen.

FABIOLA

Nou janm tande lè moun pale de anyen isi a?

MADAN JEAN

Kote'l rete?

FABIOLA

Ou wè boutik ki bò materyo de konstriksyon
lè'w pral pran komisarya a?

MADAN JEAN

Boutik madan--

FABIOLA

Pa gen 2 nan zòn la.

MADAN JEAN

Frekansite sa mwen k'ap fè'w kite'l.

FABIOLA

Li rete dèyè boutik la.

(Silans.)

MADAN JEAN

Ou lave men'w?

FABIOLA
Wi.

MADAN JEAN
Ak savon?

FABIOLA
Wi

MADAN JEAN
Ou seche yo?

FABIOLA
Wi.

MADAN JEAN
Banm wè.

(FABIOLA leve men'l pou
manman'l gade.)

Al gad nan valiz nwa'm lan ki andedan an, w'ap wè 25 goud, pran'l al achte yon galon dlo kay Ken la. Papa'w prèske vini fòk li jwenn dlo pou'l bwè la.

(FABIOLA soti al pran kòb la nan valiz MADAN JEAN an pou'l ka al achte dlo a.)

(Fènwa.)

SENKYÈM SÈN

(Menm jou a, nan aprè midi.)

(JEAN rantre sot travay. Li gen 2 sachè nwa nan men'l, li depoze yo sou tab la. Li bo MADAN JEAN. Li lapriyè.)

(Gen yon radyo sou tab la, mizik ap jwe nan radyo a.)

JEAN

Li fè katrè, jounal katrè kòmanse--nou menm radyo nou louvri se rabòday n'ap tande. Ala nou alèz! Bonswa maan Jean. Koman'w ye la?

MADAN JEAN

Nou la wi, poze san fòs e san soutyen anba zèl lamou li a.

JEAN

Koman'w pase jounen an? Soutyen sèlman'w pa genyen? Ou pat sou bwa kalvè tou?

MADAN JEAN

Anfòm gras a gran mèt la. E ou?

(JEAN pran radyo a, li chanje stasyon an.)

JEAN

Sak gen pou manje la?

(Silans.)

MADAN JEAN

Manje a sou dife a. Yon te gaz m'sot bouyi pou Fafa la, mwen wè'l gen yon vomisman k'ap ba'l pwoblèm. Jean, tekwè'm te di'w moun yo pa bezwen bagay la!

JEAN

Ki bagay?

MADAN JEAN

Madan Joseph sot rele'm la.

(FABIOLA retounen ak galon dlo a. Li mete'l sou tab la. Li wè papa'l.)

JEAN

Di madan Joseph m'ap rele'l, m'te finn di'l m'ap pote'l ba li m'pa ka nan—

FABIOLA

Bonswa papa. Koman'w ye la?

JEAN

Bonswa Fafa. M'anfòm, e ou?

(Pòt la ouvri, pandan FABIOLA ap soti, DAVID ap rantre tou swe tou bouke.)

(DAVID wè papa'l, li etone. Li pran dlo pou'l bwè.)

DAVID

Bonswa papa.

JEAN

Fafa, kote'w achte dlo sa?

FABIOLA

Kay Ken la wi.

JEAN

Ok! Kote'w pral la?

FABIOLA

Deyò a wi.

JEAN

Sa'k gen deyò a?

FABIOLA

Anyen non.

JEAN

Ou pa gen leson pou'w etidye? Al pran liv ou.

MADAN JEAN

Vini'm finn trese cheve'w apre pou'w vin ede'm plwaye rad yo.

(FABIOLA mache al jwenn MADAN JEAN.)

(DAVID chita sou yon chèz, li sispèk tankou chyen'k pete legliz.)

(JEAN ap pale ak DAVID)

JEAN

Dat m'vin la a kote'w te ye? Al mete'w ajenou tann mwen.

DAVID

Se deyò a m'te ye wi.

JEAN

Deyò ki kote? Mwen se pa deyò a m'pase pou m'antre la? Al mete'w ajenou. Lè'm pale avè'w se nan dèyè'w ou tande. M'bezwen konn ant mwen menm avèk nou kiyès ki paran an kiyès ki pitit yo. Yon peyi vire tounen kout zam ap chante, moun ap mouri ou menm ou derefize chita lakay ou.

DAVID

Se manman'm ki te di'm mèt al jwe deyò a wi.

(DAVID mache pase devan JEAN an pou'l al mete'l ajenou.)

MADAN JEAN

Tann dat sa a se konnen'w pa't konnen pou'w te antre lakay ou?

(DAVID kanpe pou'l reponn MADAN JEAN.)

DAVID

Si se te Junior nou pa t'ap di'l anyen--

MADAN JEAN

Demaske'w devan'm la avan'm chavire'w ak yon pata-flèt.

(DAVID kouri soti al mete'l ajenou.)

JEAN

E nòm! Se ou k'ap sitire yo. Mwen lontan kote'm te ka di papa'm sa? Frekan pou'm ta frekan.

(MADAN JEAN fè tankou'l pa tande sa JEAN di a.)

(MADAN JEAN pran yon pakèt rad sal ki te kote'l la li sòti deyò avèk yo.)

(JEAN retire yon jounal nan valiz li.)

Men li wi, lè w'ap di pitit la pa sòti li panse se renmen'w pa renmen'l.

(MADAN JEAN retounen nan salon an. Li jwenn JEAN chita ap li yon jounal.)

MADAN JEAN

Ou menm ou pa janm pa gen yon bwa jounal w'ap li! Vini pou'w ede'm finn plwaye rad yo Fafa.

(JEAN pa okipe sa MADAN JEAN di a, li kontinye ap li jounal la nan kè'l.)

(FABIOLA leve, li deplase kite sal a manje a l'al jwenn MADAN JEAN.)

JEAN

Hey Da vini'm pale'w.

(JEAN pa tande DAVID reponn li.)

David la wi!!

(DAVID kouri soti vin jwenn JEAN.)

DAVID

Men mwen wi.

JEAN

Tann dat m'ap rele'w la kote'w te ye?

DAVID

Anndan an wi.

JEAN

Sa'k gen anndan an?

DAVID

Anyen non.

JEAN

Èske gen sik la?

DAVID

M'pa konn non, ban'm al gade pou ou.

(DAVID al sou tab la, li leve
youn nan kouvrepla yo, li rale
yon bokal li gade'l.)

JEAN

Genyen?

DAVID

Wi.

JEAN

Ok, retounen al mete'w ajenou a.

(Fènwa.)

DEZYÈM AK**PREMYE SÈN**

(Lendi, nan maten.)

(Pòt kay la frape.)

RICARDO

Onèèè!

JUNIOR

Respè! Se kiyès?

RICARDO

Yo Junn. Se Ricky.

JUNIOR

Ki Ricky sa?

RICARDO

Yo se Kado man.

(JUNIOR leve, l'al ouvri pòt la pou RICARDO.)

JUNIOR

Yo, antre non. Ricky'w rele kounya?

(RICARDO fè kòmsi'l pa tande kesyon JUNIOR poze'l la.?)

RICARDO

M'wè machinn Calvaire la deyò a, li pa soti jodia?

JUNIOR

Oh oh sa misye ap mande'm la?

RICARDO

Se pa vwazen'w? Kot gran moun yo?

JUNIOR

Yo pa la. Gran moun yo annwiyan man.

RICARDO

Sa'w gen avèk yo ankò la?

JUNIOR

Majorite paran Ayisyen se pwazon. Tchuips!
Moun yo raz man. Si'm pa degaje'm soti anba
zye moun sa yo se mwen k'ap wè'l.

RICARDO

Oh Oh. Sa misye ap pale la?

JUNIOR

M'pa vle di gwo mo men moun yo wouch, yo raz.
Yo pale anpil, anyen'w pa bon pou yo.

RICARDO

Ala koze! M'konn se yon bagay nèg la pa't
konnen l'ap pale a wi. Zanmi poze san'w pou'w
byè 2 bwè non. Sa w'ap bay la?

JUNIOR

Ah anyen menm. M'ap boukannen glas. E ou?

RICARDO

M'dekouraje man. Yon peyi w'ap viv ladan se
kòm si'w pa gen avni. Ou pa ka sòti al okenn
kote.

JUNIOR

Kote'w anvi al la--

RICARDO

Pa gen plas, pa gen pak, pa gen sinema ah pa
gen anyen. Anyen menm. Tchuips!

JUNIOR

Men bro tande, ou ka kreye pwòp aktivite pa'w.
Nou pa oblije tout tan ap tann se leta'k pou
fè tout bagay pou nou paske si se konsa n'ap
toujou di leta pa fè anyen pou nou. Leta pou
tèt pa'l pap regle anyen donk poukisa nou menm
jèn yo nou pa janm vle monte pwòp biznis pa
nou, kreye kèk aktivite kiltirèl, klèb literè
elatriye--

RICARDO

Ak ki mwayen'w vle jèn w'ap pale yo--ou gen
lanp limen nan dèyè'w?

JUNIOR

M'konnen'n pa gen twòp mwayen se vre--men non, nou plis renmen PDG gwoup WhatsApp, nou gen mwayen pou'n achte epi chita gaspiye megabayt nou nan gade grimas ak enpav k'ap di tenten sou Facebook, Twitter ak Instagram. Nou pi renmen fimen bòz, bwè tafya, ale nan atè plat ak tandè mizik tchanpan tout lasent jounen. Bondye'k Bondye li di'w ede tèt ou apre l'ap ede'w donk se pou'n kòmanse chanjman'n vle wè nan peyi a nan nou sinon n'ap fè rès vi'n ap kraze brize epi detwi pitit peyi a nan voye prezidan ale.

RICARDO

Yo, si a chak fwa n'ap pale epi w'ap enkrimine pèp la konsa'l pap bon paske'l pap ede'n fè yon pa an avan.

(Silans.)

JUNIOR

W'ap bwè kafe? Antanke yon nasyon, kraze brize a gen anpil enpak sou nou. Pifò sa'n kraze yo se menm nou menm moun ki nan mas pèp la'k viktim. Nou pa janm atenn moun nou vle atenn yo pou konsyantize yo men'n pito manje youn lòt. Ou menm sa'w panse k'ap ede'n fè yon pa an avan menm?

RICARDO

M'pa konnen men tanpri sispann repete bagay enbesil sa. Ou gen pen?

JUNIOR

Gen pen, gen manba, gen konfiti. Yo paske opinyon'n diferan sou sa k'ap pase nan peyi a pa vle di pou w'ap rele'm enbesil non.

(Silans.)

RICARDO

Men jan w'ap pale a pa fè sans atis. M'pap

manje manba, li ban'm bouton. Konfiti kisa'l ye? Chadèk ou byen zoranj?

JUNIOR

Zoranj. Ebyen di'm sa'k fè sans pou ou epi ma di'w sa'k fè sans pou mwen.

RICARDO

Lòtjou a ou repete menm tenten an m'pa di anyen. Ou fè kòmsi se mwen sèlman'k nan lari a k'ap kraze brize bagay moun.

(Silans.)

JUNIOR

Enskripsyon inage lendi wi.

(Silans.)

RICARDO

M'prepare tout afè'm met la men jan m'ap gade a la kote m'ap pase pou'm ale?

JUNIOR

Zanmi pa vin plenyen ban'm la. Ok ok, ban'm di'w, m'pa di se ou sèlman k'ap sipòte kraze brize a non men reflechi byen pou'w wè--

RICARDO

Reflechi ak kisa?

(Silans.)

JUNIOR

Si'n pa't kraze sal sinema yo, si'n pa't kraze tout plas piblik yo nan fè yo tounen depo fatra, si'n pa't bloke lari a ou pa panse'w t'ap jwenn wout pou'w al enskri a? Ou pa panse'w t'ap jwenn yon plas pou'w al respire yon van fre?

RICARDO

Ki mesaj ou vle fè pase menm?

JUNIOR

Yon mesaj a la nasyon.

RICARDO

M'ap pale'w bagay serye ou menm w'ap ranse!!

(Silans.)

JUNIOR

M'serye tou wi.

RICARDO

Tou pa'w la koule.

JUNIOR

Nou souvan di se grannèg yo k'ap jere peyi a, pa vre? E pa sa'n di? Nou di si pa gen dezaranjman pap gen aranjman donk frenk ban'm tèt mwen lami.

(RICARDO kanpe, li avanse sou JUNIOR.)

RICARDO

Yo si se konsa w'ap pale m'pral lakay mwen.

JUNIOR

M'pat rele'w vin la non mwen.

(Silans.)

Nou vle prezidan sa'k gen la a ale poukisa?

RICARDO

Ou serye ak kesyon sa?

JUNIOR

M'poko janm serye nan vi'm konsa.

RICARDO

Ahhh nou bouke ak prezidan sa. Fòk misye ale man.

JUNIOR

Paske'l pa bon, pa vre?

RICARDO

Gen kesyon'w pa poze moun monchè.

JUNIOR

Kiyès nou pral mete aprè'n finn voye'l ale? Youn ki pi mal pase'l.

RICARDO

Se pa vre monchè!

JUNIOR

Nèg nou te egzile an Afrik la ale pou pa bon, sa'n mete? Ti simòn avan manda'l fini, nou te kòmanse rele dèyè'l. Sa'n mete apre'l?

RICARDO

Non, se pap menm bagay la. Epi se pa nou'k te met tèt zo sa sou pouvwa a. Nèg yo fè konplo yo ak misye pou yo finn manje'n.

JUNIOR

Oh, se pa nou ki te met tèt zo?

RICARDO

Tann mwen, pou ou la se pèp Ayisyen an ki te met tèt zo a sou pouvwa?

JUNIOR

Se pa't pèp la'k t'al vote pou li nan eleksyon an?

RICARDO

Aaahh ou enbesil anpil man.

JUNIOR

Ok, m'pa gen pwoblèm ak sa. Ban'm mande'w sa kounya. Nèg gildiv la ale, sa'n te mete apre'l? Ou pa remake ke chak sa'n mete yo pi mal ke sa'k te la avan an? Se pa kraze brize a non'k pwoblèm la.

RICARDO

Sa'k pwoblèm la pou ou?

JUNIOR

Pwoblèm la se kiyès nou mete apre'n finn kraze brize a. Sa'n mete a èske'l repare tout kraze ak brize'n sot fè yo? Anpil nan nou ap di pa gen omlèt san kraze ze pandan ke'n bliye ke pa gen ze san poul. Si n'ap kraze tout ze, nou pap janm jwenn poul. Sa'm vle di se ke si n'ap detwi tout entèlektyèl, tout pwopriyete

prive kou piblik ebyen'n pap janm avanse. N'ap toujou ap peye elikoptè byen chè pou'n mennen palmantè djòl sirèt lopital nan peyi blan paske'n pa konstwi epi trete lopital nou yo byen pou yo bay pèp la sèvis tankou tout lòt lopital serye.

(Silans.)

RICARDO

M'konprann sa'w di a wi men Junn, pafwa kraze brize a se li'k soulaje'n.

JUNIOR

M'pa gen pwoblèm ak opinyon'w lan non men'n bezwen chanjman man. Nou bezwen chanjman mantal. Chanjman sa dwe soti andedan nou. Peyi a ka chanje. Manman'm toujou ap repete'm bagay sa, li toujou ap di "nou dwe chanje tèt nou avan'n chanje peyi a paske oken prezidan, senatè ak depite pap ka chanje peyi a pou kont yo. Se mwen menm avè'w k'ap ka ede yo chanje peyi a nan fason'n konpòte'n ladan. Moun n'ap vote yo pap ka fè tout bagay pou kont yo."

RICARDO

Ok, m'vle konprann sa'w di a wi, men se pa chanjman sèlman'n bezwen non. Nou bezwen plis ke sa. Nou bezwen sekirite, nou bezwen manje, nou bezwen travay, nou bezwen lekòl, nou bezwen egalite. Nou bezwen Jezi tou.

JUNIOR

Ban'm tèt mwen ak bagay Jezi'w la. Nou tout chita sou lorye woz nou n'ap tann Jezi fè pou nou. Ou panse si Jezi te vle fè yon bagay sou tè a li t'ap voye Adan ak Èv? Non, li t'ap desann vin fè'l pou kont li. Li voye'n se pou'n ka travay pou'n fè siksè men nou menm Ayisyen nou parese, nou pap fè tèt nou travay. Nou chita ap tann blan fè pou nou. Eske'w panse peyi a ka chanje?

RICARDO

Wi.

JUNIOR

Byen, sa se premye pa nan chanjman peyi a.

RICARDO

Kòman sa?

JUNIOR

Konparativman ak lòt moun k'ap di peyi a pap janm chanje avèk politisyen n'ap vote yo m'panse atitid sa'w genyen an si chak lòt grenn Ayisyen kiltive'l sa ap ede'n nan chanje figi peyi a.

RICARDO

M'konfyouz nan sa w'ap pale a.

JUNIOR

Sa'm vle di se ke m'konstate ke anpil nan nou panse se peyi a ki pou chanje pou'n gen yon lavi miyò. Non! Se pa peyi a ki pou chanje. Se nou menm pèp la ki pou chanje panse'n ak mantalite'n. Se nou'k fè peyi a, se pa tè a, mòn yo, solèy la ak rivyè yo ki fè'n. Se jan'n konstwi ak jere yo a ki fè peyi.

RICARDO

Oh ok, menm jan ak prezidan Ameriken an ki te di jèn li yo "Se pa mande sa peyi a ka fè pou nou men sa'n ka fè pou peyi a"?

JUNIOR

Egzakteman!

RICARDO

Ok, Ok! Yo, seryezman m'bouke ak ensètitud sa man. Ou leve'w nan yon peyi'w pa konn sa pou'w fè nan jounen an. Ou pa konn kòman demen'w ap ye man. Ou pa konn kilè peyi a ap bloke nan men'w. Ou bezwen al lekòl ou pa kapab. Pa gen wout. Ou pa konn kijan bagay yo ap fini. Ou pa konn kijan bagay yo ap sòti. Ah tchuiips!

JUNIOR

W'ap pale kòm si'm pa nan peyi a m'pa wè jan bagay yo ye.

RICARDO

Krèv kè.

JUNIOR

Chaje lòt mwayen pou aboli sistèm la ak chanje gouvènman an. Pran lari, boule kawotchou, voye wòch, kraze brize ak sesi sela a se youn nan opsyon yo men'l raz. Kraze biznis moun, bloke wout, kanpe lekòl, travay, bank, boule mache a pap ede'n fè yon pa kita yon pa nago.

RICARDO

Ki lòt mwayen'w sijere?

JUNIOR

Banm ba'w, n'ap mande kòb PetroCaribe nan maten, nan aswè menm nou menm yo n'al pyafe sou channmas nan kanaval. Pou ou menm ki sans bagay sa gen la?

RICARDO

Sa se vre, bagay sa pa fè sans. Imajine'w chak ane'n fè yon wikenn pou kanaval DJ, 3 jou pou kanaval channmas san konte kanaval bann a pye. Sa fè plis ke 6 jou leta ap depanse pil kòb nan kès li pou pèp la banbile.

JUNIOR

Konbyen fwa'w wè menm leta sa fè yon semèn ap bay pèp Ayisyen an kay, manje, dlo, swen sanitè ak elektrisite? Non, yo pito banbòch ke edikasyon. Lòt limena gran chire a menm lan la maryaj li te tèlman twò bèl li te jwenn mwayen'l enstale brèt kanaval li 2 fwa pa ane kòm si yon sèl fwa a pa't ase pou te toupizi pèp la. Kòb chak kanaval sa yo t'ap ka ba nou konbyen kilomèt kouran ak konbyen megawat wout.

RICARDO

Pwoblèm nou anpil.

JUNIOR

M'pa di pèp la pa distrè'l ak pran plezi'l non men'n dwe konsekan epi konvenkan nan

revandikasyon n'ap fè yo. Se yon gwo tonton papa manman refòm pou'n fè pou'n touche tout Ayisyen nan konsyans yo.

RICARDO

Se pa manti.

JUNIOR

Kounya ban'm poze'w kesyon sa. Pran san'w pou'w reponn mwen--

RICARDO

Kote'm jwenn ak san sa? Yon peyi moun ap mal manje w'ap pale de pran san. M'pa kwè'm gen san ki ret nan kò'm ankò tèlman sitiyasyon peyi a domine'm.

JUNIOR

Zanmi men kesyon an: Apa de fè manifestasyon, kraze brize, boule kawoutchou, voye wòch, bloke lari, bloke lekòl, travay, legliz, peristil ak tout lòt aktivite ki rann peyi a fonksyonab nan voye prezidan an ale, ki lòt mwayen'w panse'k genyen pou'n fè sa? Ki lòt strateji'w panse'n ka anplwaye?

RICARDO

Yo, se pa kraze brize sa m'ap pale a non frè. Gen diferans ant kraze brize nan sans lè pèp la fistre'l mande yon chanjman ak lè nèg yo deside bloke peyi a pou yo regle zafè foli pran pouvwa yo.

JUNIOR

Oh oh, ebyen konbyen kraze brize'k genyen ankò? Nenpòt rezon'n bay tèt nou pou'n jistifye kraze brize a li pa bon paske'l pa nan avantaj oken nan nou sou oken fòm.

RICARDO

Chak prezidan'k monte nèg yo bezwen bay koudeda pou nèg yo monte yo menm. Gen yon diferans ant--

JUNIOR

Tande tande--

RICARDO

Non, tandè'm. Se sa'k fè'w pa janm wè kote'm ye mwen menm, fò'w fè diferans lan lami. Nèg yo bezwen bay koudeta pou yo vin regle menm bagay la. Mwen menm se abolisyon sistèm sa m'vle. Sistèm sa'k nan peyi a pa bon. M'pa nan chanje wa pou dam osinon kòman yo di'l la.

JUNIOR

Kounya w'ap pale.

RICARDO

Sa w'ap di yo se pa ke m'pa konnen yo non. W'ap pale kraze brize bla-bla-bla. Tchuips, chanje gouvènman! Yoo, baz, peyi a tonbe nan tchouboum nèt.

JUNIOR

Nou ka ede peyi a kanpe sou 2 pye militè'l.

RICARDO

E kòman'n pral fè sa la? Ou pa wè ke se yon sèl gwoup moun k'ap jere peyi a, e nèg yo met yon sistèm an plas pou jere peyi a, yo tèlman fè'l byen. Tchuips! Yo, menm pitit nou gen dwa pa gen tan wè abolisyon sa wi--

JUNIOR

Radòt! L'ap aboli kanmè--

RICARDO

M'panse ke sistèm la kòmanse rive nan bout li tou.

JUNIOR

Sa'k fè'w panse sa?

RICARDO

Tout sa'w wè k'ap fèt lan la yo se paske sistèm la pa lwen kraze. Yo, ban'm ba'w, ou konnen pa janm gen yon eleksyon demokratik ki fèt nan peyi a vre?

JUNIOR

Talè, talè! Ou vle di'm ke chak grenn

eleksyon'n fè soti 1986 pou rive an 2018 la a se pa pèp la ki vote?

RICARDO

Li pa't janm te lòt jan non! Se toujou menm penpenp la, nèg yo vini, menm si yo vini, yo ba'w bèl pawòl, bèl pwomès epi lè yo rive sou pouvwa a yo fè afè pa yo.

JUNIOR

Hahahaha ou fè'm sonje 30 mil kay ti simòn te di'l gen sou lanmè yo. Kote kouran 24/24 tèt zo te pwomèt la?

RICARDO

Tchuipe! M'ap pale'w de moun kounya'w nan bagay. Mwen menm toutotan yon nèg paka bay rezilta'l te pwomèt yo, pèp la gen tout dwa'l pou yo voye'l ale.

JUNIOR

M'pa gen pwoblèm ak voye ale a non.

RICARDO

Ak kisa'w gen pwoblèm?

JUNIOR

M'sot di'w li deja. M'gen pwoblèm ak jan'n fè'l la.

RICARDO

Sa'm vle di se ke se pa vrèman voye ale a ki mete'n nan sa'n ye a. Men se pil dirijan sousèt, san konsyans nou pase yo ki responsab. Yo pa janm eseye mete yo nan bò pèp la vre. Se yon bann tchoul, nèg sòt nou toujou jwenn kòm dirijan.

JUNIOR

Jwenn osinon mete? Oh ou pral di'm se Ameriken'k te mete yo pou nou pavre?

RICARDO

Ah tande non frè, chak lè nèg yo monte sou pouvwa a epi yo pa fè sa yo te di y'ap vin

fè a se nòmral pou pèp la leve kanpe, fè manifestasyon epi bay koudeta.

JUNIOR

Ou panse nèg yo sòt?

RICARDO

Politisyen Ayisyen se definisyon sòt, gad nan yon diksyonè pou'w wè. Si'w pa jwenn li nan yon diksyonè gad nan yon Bib.

JUNIOR

Se vre mank edikasyon'n se yon gwo pwoblèm men m'panse ke nèg yo okouran de pwoblèm pèp la. Se volonte nèg yo pa genyen. Sanwont yo sanwont. Anplis nèg yo gen moun nan antouraj yo, nèg yo vwayaje al nan peyi blan epi nèg yo wè jan bagay yo fèt kay vwazen.

RICARDO

Majorite nan nèg sa yo gen gwoup bandi yo k'ap asire eleksyon yo pou yo. Ki depite ak senatè'w konnen'k pa gen gwoup bandi yo k'ap asire pouvwa yo pou yo? Dènyeman la gen youn nan palmantè yo ki di chak nèg gen gwoup bandi yo e ke lè eleksyon rive ki pou asire plas yo nan chanm lan. Lè manda ti simòn fini kisa'w wè'l fè? L'al derasine tèt zo nan rak bwa plantasyon bannann li a pou vin kontinye menm grimas li yo epi asire ke yo pap gen pwoblèm.

JUNIOR

Menm jan pou tonton makout yo wi. Papa a pa kapab ankò sa'l fè? Li met pitit gwo sèvèl li a. Ou pa wè kòman yo mouri mal tou?

RICARDO

Ebyen se konsa wi, sa'w fè se li'w wè. Sa'w plante se li'w rekòlte. Sepandan pèp la menm nan grangou. Y'ap plen pòch yo. Madan'm yo ak pitit yo nan peyi blan epi nou menm n'ap mal pase nan peyi a. Pèp la san edikasyon, li bezwen manje donk yo lage zam nan men'l pou'l al touye pitit Bondye.

JUNIOR

Ou poko janm reponn kesyon'm lan non.

RICARDO

Ohh yeah, sa kesyon an te ye?

JUNIOR

Apa de fè manifestasyon, kraze brize, boule kawoutchou, voye wòch, bloke lari, bloke lekòl, travay, legliz, peristil ak tout lòt aktivite'k rann peyi a fonksyonab nan voye prezidan an ale, ki lòt mwayen'w panse'k genyen pou'n fè sa? Ki lòt strateji'w panse'n ka anplwaye?

(RICARDO leve, li kanpe. Li estomake.)

RICARDO

Kòmanman, sa misye gen ak bagay kraze brize sa nan zòrèy mwen konsa?

JUNIOR

W'ap plede di ke m'al twò fò nan plede di pèp la ap kraze brize kòm si se yon bagay ou pa wè. Ou vle'm ankouraje yo nan kraze brize a?

RICARDO

Ou aksantye sou kraze brize anpil dènye jou sa yo. Ki pozisyon'w? Se nan mitan mas pèp la'w ye tou wi. Kisa'w sijere? Ou chita plede poze'm kesyon. Ou menm kisa w'ap di? Yon bò m'konnen ke kraze brize a pa bon tou men jan w'ap fè'l la se plis revòltan ke konsyantize. Kisa'w sijere?

JUNIOR

Gen yon lide byen spesifik m'vle fè pase nan sa m'ap di'w yo. Pou mwen, pi meyè ak pi bon fason yon pèp ka voye yon prezidan ale se rann peyi a disfonksyonèl nan tout sans li men san kraze brize. Tande tandè, sa'm vle di, se pou pèp la fè nenpòt 4 a 5 semèn san'l pa al travay. Kit se nan travay prive kou travay piblik. Se pou pèsonn pa al peye okenn taks,

enpo ak redevans. Pyès dyaspora nan kèlke swa peyi a pa voye yon goud menm Ayiti. Se pou klèb yo, mache yo, makèt yo, ponp gaz yo, kamyonèt yo, menm si pi fò ladan yo se pou moun milat yo. Se pou youn pa ouvri pòt yo e konsa leta pap jwenn lajan pou'l fonksyone, pap gen gaz, lè sa menm si'm konn sa ap trè di pou pèp la paske sa ap fè'n soufri anpil men fòk Jezi ta pou ou pou'w pa ta mache pòs ou bay pouvwa a kòm prezidan peyi a.

RICARDO

Donk--

JUNIOR

Donk, nan moman sa la jan n'ap fè revandikasyon an pa bon. Nou dwe abòde pwoblèm yo nan tout pwofondè yo paske fason'n revandike a se yon bagay ki gen pou wè ak lè'n tap pran endepandans nou. Nou baze sou yon prensip ki di "libète ou lamò". Se vre'n pran endepandans nou men'n toujou ret ak ideyoloji koupe tèt, boule kay, boule plantasyon yo. Alòs yo pat pou nou donk se sa'k fè jis kounya lè n'ap manifeste premye sa'n fè se kraze epi detwi pwopriyete prive kou piblik nan figi moun. Se sa'k fè lè'n finn endepandan'n pa't gen plantasyon pou'n bay tèt nou manje paske'n te detwi tout. E jan sa toujou di a, nou paka lage so desten yon pèp nan men yon sèl moun. M'panse se yon sakrifis ki pou fèt pou jenerasyon sa aksepte mal viv pou lòt jenerasyon k'ap vini yo ka fòme, enstwi epi byen edike pou yo pa fè menm erè ak nou menm. Sa ap ede'n travay tou pou'n rebati ekonomi peyi a epi mete'l sou 2 pye'l. Nou ka fè ekspòtasyon, valorize pwodwi lokal yo, nou gen ase tè pou'n bay tèt nou manje poutan'n chita ap achte tenten diri plastik nan men blan. Tout sa yo pap ka fèt si'n pa koupe fache, gate zanmi ak sa'n rele koripsyon an. Nou dwe fòme sa'n rele vrè sitwayen an, sa'k renmen peyi'l, sa'k gen sans patriyotik la, e ki konn valè moun e ki

moun li menm, ki konn kijan moun viv epi ki gen bon jan edikasyon.

RICARDO

Ou te gen tout pil bèl bagay sa yo pou'w te di--

JUNIOR

M'poko fini non zanmi. Gad senatè ak depite yo ki nan palman an pou'w wè. Se prèske chak seyans wi nèg sa yo kraze biwo, kraze chèz ak pwopriyete leta. Ou pa remake ke bagay sa se nan san'n li ye menm? Si senatè ak depite ki eli pap bay bon egzanp kòman'w ta vle konprann pou pèp la pa fè menm radòt yo? Nou dwe derasinen, dechouke, rele chal bare dèyè vye ideyoloji kraze brize sa nan tèt nou ak nan tèt jenerasyon'n gen k'ap vini yo dekwa pou yo pa grandi avè'l yo menm.

RICARDO

E kòman'w panse'n ka fè sa menm?

JUNIOR

Fasil. Nou dwe chanje mantalite'n ak jan'n panse de tèt nou ak peyi a. Nou dwe kòmanse chanjman an nan panse'n paske pou yon nasyon devlope se pèp la'k pou devlope, yo dwe devlope panse yo avan. Si yo pa gen yon panse'k pozitif pou yo avanse ebyen yo pap janm avanse yo menm. Nou dwe aprann, si'n pa aprann nou pap janm chanje. Ayiti ka chanje. Nou ka vini yon gran nasyon. Nou bezwen wout anlè, wout anba dlo, wout sou dlo...an palan de wout sou dlo nou bezwen 2 pon, yon pon ki pou relye Lagonav a Monri epi yon pon ki pou relye Lagonav a Miragwàn, nou bezwen otowout ki gen 4 a 5 vwa ki pou relye tout peyi a nan yon fraksyon'n segon, nou bezwen vyadik, pak touristik, stad, nou bezwen kire epi fè drenaj tout rivyè'n gen nan peyi a soti nan amon yo rive nan aval yo epi'n bezwen bon jan pon pou'n met sou rivyè sa yo, m'ap pale'w de ensfrastrikti'k gen nen nan figi yo paske yon

peyi'k pa gen wout pap janm ka gen koneksyon pou konekte pèp la de lwès a lès. Nan moman sa la kisa Ayiti ekspòte? Prèske anyen!

RICARDO

Eeeeehhh pa fè sa monchè.

JUNIOR

Kisa nou eskpòte?

RICARDO

Nou ekspòte jèn Ayisyen parèy nou yo pa pil ak pa pakèt pou yo ale Brezil, Chili ak gran simityè.

JUNIOR

Ou bat kò'w wi ou menm. Yo, poutan'w sonje valè bagay nou te konn ekspòte lontan?

RICARDO

Se pa pou san rezon non Kristòf Kolon te chwazi debake nan peyi a.

JUNIOR

Nou dwe mete tèt nou ansanm pou'n travay di pou'n pa pase jenerasyon pòvrete, mal viv, mandyansite sa bay jenerasyon'n gen k'ap vini yo. Se pou'n travay pou'n pa kite mizè sa a pou pitit nou. Nou bezwen kouran 24 sou 24 paske pou peyi a fonksyone fòk nou ka wè kote'n prale lajounen kou lannwit. Nou chaje rivyè nan peyi a e nou gen ase lak pou'n bay tout peyi a kouran. Si'n pa ta ka itilize dlo yo, nou ka itilize solèy la pou'n chaje pano solè pou ba nou kouran lajounen kou le swa. Nou ka menm itilize van an epi kreye moulen a van pou ba'n elekrisite 24 sou 24 tou. Ou wè tout opsyon'n genyen pou bay pèp la kouran 24 sou 24? Men malerezman pou nou tèt van ki sou pouvwa yo pa gen ase entèlijans pou yo panse konsa. Afè pa'm pi bon an fòk nou kite sa tou paske menm si'n pa ta dakò avèk youn lòt sou yon bagay sa pa vle di'n dwe enmi pou sa. Antanke yon nasyon'n dwe jwenn yon fason pou'n aksepte endiferans ki egziste nan opinyon'n

san'n pa enpoze'n youn sou lòt. Nou dwe aprann respekte dwa ak opinyon tout moun menm si sa yo di a pa ale nan sans nou.

RICARDO

Yo m'renmen tout sa'w di yo nèt, e ou konn yon bagay m'reyalize dènyeman?

JUNIOR

Kisa?

RICARDO

Ayiti se yon peyi tout moun leve jwenn moun ap di betiz, di tenten tout lasent jounen men'w pa janm wè ni tandè kote yo youn ap beni lòt ak pawòl k'ap soti nan bouch yo. Bagay sa lè pou'l fini tou.

JUNIOR

Sa se pa manti, se sa'k fè'n pòv nan panse'n anpil. Avan Ayisyen an pale li di'w Ayiti se lanfè, se sesi, se sela. Bagay mal sèlman yo wè pou peyi a. Kòm si la pa gen anyen menm ki pozitif a pwopo de peyi a pou yo pale. Jan de panse ak mantalite sa yo se yo k'ap andikape'n plis.

RICARDO

Kareman monchè, manman'm toujou di'm ke anpil fwa se sa'n di'k fè'n pa janm ka reyalize rèv nou ni avanse al oken kote paske lè n'ap pale si'n pa veye sa n'ap di n'ap antere tèt nou avan menm nou mouri.

JUNIOR

Wi, si'n pa veye jan n'ap pale--epi bro, se pa 2 a 3 Ayisyen'k pa konn jan pou yo pale ak panse non. Nou ka ede yo wi man.

RICARDO

Nan ki fason?

JUNIOR

Pèp la pale konsa se petèt paske'l pa konn sa pou'l di, kòman pou'l pale donk nou ka kreye

yon kanpay pou'n montre yo kòman yo ka chanje panse yo ak mo k'ap sot nan bouch yo. Nou ka ekri powèm ki pozitif, olye de rabòday nou ka ekri epi fè mizik serye ki gen bagay pozitif ak konstriktif ladan yo pou yo tandè, nou ka fè konkou nan zòn la, nan legliz la tou, nou ka afiche mo pozitif nan kamyonèt ak bis yo--

RICARDO

Wiiii, pou'n kòmanse, nou ka menm mande Ken pou'l ba'n ekri "PEYI NOU KA CHANJE" nan kamyonèt li a konsa sa'k lè machinn la pase yon kote moun y'ap reyalize ke wi Ayiti ka chanje. Ou konprann? Ima j sa ap ede yo vizyone chanjman peyi a avan menm ke yo wè'l.

JUNIOR

Wiiii, sa pral ede yo nan chanje mantalite ak panse yo. Men yon lòt bagay m'reyalize ankò, nou fè plis tan ap pale ak tèt nou ke'n pale ak lòt moun donk chanjman mantalite'n pa sipoze kòmanse lòt kote ke nan bouch nou, nan sa n'ap pale. Si'n pa pran prekosyon ak sa n'ap repete ebyen se nou k'ap wè'l.

RICARDO

Yo gendwa pa't leve nan yon fanmi menm jan ak nou kote yo te jwenn moun ap di bagay pozitif donk nou ka ede yo jan n'ap pale a. Nou ka di yo ekri pawòl yo mete yo nan chanm yo, nan pòt frijidè yo. Nan mi andedan kay yo. Nan salon yo ak tout kote yo ka wè yo pou yo ka fè tèt yo sonje kiyès yo ye ak ki kalte mirak yo ka fè ak pawòl k'ap sot nan bouch yo.

JUNIOR

Wi, se pou'n aprann yo deklare pawòl pozitif sou lavi yo, lavi fanmi yo, lavi zanmi yo ak Ayiti. Se pou'n aprann yo ke pa gen moun k'ap ka anpeche sa yo deklare yo rive nan lavi yo. Se pou'n di yo ke yo dwe pran anpil prekosyon nan sa y'ap repete paske'n vle yo repete bagay ki ka ede yo avanse sèlman e non bagay k'ap detwi yo. Sa ap ede yo chanje mantalite ak

panse yo dekwa pou yo menm ak Ayiti ka rekòlte bon bagay.

RICARDO

Ou sitèlman ap byen pase la se pousyè w'ap banm.

JUNIOR

Ah poze kò'w trankil non, ou konn yon bagay m'pap janm ka konprann kay pèp Ayisyen an?

RICARDO

M'pa konnen, ou poko di'm.

JUNIOR

Avan'n monte bwa a poukisa'n pa janm gad si'n ka desann li? Avan'n manje zo a poukisa'n pa janm mezire machwè'n? Non, nou bliye ke tout sa'k klere pa lò anplis nou gen yon mantalite pito'n lèd nou la. Non sèlman'n fè vin ap bay chat veye bè'n, nou fè vin'n ap kouri pou lapli pandan'n pa janm sispann tonbe nan gran rivyè. Nou konn kouri nou pa konn kache. Se pou'n pa janm bliye ke tout kòd gen 2 bout, menm pèp k'ap kraze brize jodia si'n byen edike'l, enstwi'l, fòme'l epi fè'l konnen kisa'l vo ebyen se wè n'ap wè kòman Ayiti ap chanje demen paske analfabèt pa bèt. Dayè si bèf te konn fòs yo majoral pa t'ap janm ka lanse yo e yo t'ap fè majoral sa rache manyòk li bay tè a blanch. Ak anpil men chay pa janm lou, se pou'n rele dyaspora a rantre vin patisipe nan re-konstriksyon nouvo Ayiti sa paske fanm se pou yon tan men manman se pou tout tan.

(Fènwa.)

DEZYÈM SÈN

(Lendi, nan aprè midi.)

(JEAN rantre. Li wè DAVID ak JUNIOR ap pale nan salon an.)

(JEAN te gen 2 a 3 sachè nwa nan men'l. Li mache al depoze yo sou tab la nan sal a manje a.)

DAVID

Bonswa papa. Kòman'w ye?

JEAN

Bonswa Da. M'byen e ou?

DAVID

M'la wi, m'ap gad sitistasyon peyi a k'ap dejenere nan men'n.

JEAN

Sa misye konn nan politik?

DAVID

W'ap gentan konnen.

(JEAN fè kòmisi'l pa wè JUNIOR.)

JEAN

Sa'k pase la? Nou pa wè ki lè'l ye? Nou pap prepare'n pou'n al legliz?

JUNIOR

M'pa pral legliz aswè a.

(DAVID fè yon koudèy sou JUNIOR. JUNIOR konprann men'l pa okipe DAVID.)

DAVID

Yo Junn al prepare'w man. M'ap tann ou pou'n ale ansanm.

JEAN

Kounya se ou'k pou di Junior pou'l al legliz?

JUNIOR

Da'w pa bezwen ret tann mwen paske'm pa prale.

JEAN

Ebyen wa fè'm wè sa.

JUNIOR

Yon peyi fèmen. Pa menm gen kote pou moun pase epi w'ap vin pale'm de legliz.

JEAN

Ou pa gran moun pou mwen non tande.

DAVID

Yo ann ale non man.

JEAN

M'pral krache atè a pa kite'l sèch.

JUNIOR

Bagay ki gade'w. Sitiyasyon politik peyi a pa pèmèt m'al legliz. Si'w te konn anyen nan politik ou t'ap konprann.

(Silans.)

JEAN

Kounya la'w ka montre'm politik?

DAVID

Yoooo

JUNIOR

M'di'w m'pa prale sa'w gen nan kò'm la?

JEAN

Ebyen n'ap wè kiyès ki paran nan kay isi a. Si'w panse kay sa se bwat politik ou ebyen'w twonpe'w. Men pran 1000 dola sa, demen maten bonè pote'l nan lekòl Fafa a pou'w peye trimès la.

(DAVID deplase, li kite kote
JEAN ak JUNIOR ye a.)

(JEAN fè tankou l'ap deplase
kite kote JUNIOR ye a, li rale
sentiwon'l, li pete kouri dèyè
JUNIOR.)

(JUNIOR voltije kouri kote'l
te ye a pou l'al prepare'l pou
legliz.)

TWAZYÈM SÈN

(Jedi, nan maten.)

(JEAN, JUNIOR ak FABIOLA chita nan salon an y'ap pale.)

JUNIOR

Nan yon peyi kote prezidan eli pou 5 an, nou gen pase 10 prezidan'n pa menm kite fè 2 an sou pouvwa. Avan'n bat je'n, nou bezwen yon nouvo prezidan. Ki kote'w panse peyi a prale ak jan de sistèm sa? Ou panse se legliz ki ka ede'n?

(MADAN JEAN rantre nan salon an.)

MADAN JEAN

Ah se pa manti non.

JUNIOR

Aprè Duvalier kite peyi a an--

JEAN

Retire non Duvalier nan djòl ou.

MADAN JEAN

Hey, pa pale ak pitit la konsa.

JEAN

Se manifestasyon pou'n fè.

MADAN JEAN

Ann konsidere kantite sakrifis yon paran fè pou peye yon ane lekòl pou pitit li. Jodia, peyi a pa frape pa katastwòf natirèl, ni pa epidemi pou ta anpeche pitit moun yo al patisipe nan ekzamen leta men kareman yon gwoup moun deside bloke yon peyi kòm si pitit malerèz pa gen dwa al lekòl.

JUNIOR

Se sa m'ap plede di a wi, se pa manifestasyon k'ap ede'n chanje sitiyasyon peyi a.

FABIOLA

Yon peyi'k deja gen pwoblèm nan sistèm edikatif li kote plis pase twaka moun abandone lekòl menm avan klas nevyèm ane fondamantal pou y'al chache lavi miyò.

JEAN

Fòt kiyès sa ye?

JUNIOR

M'pat espere yon lòt repons nan men'w non.

JEAN

Gwayil, ba moun tèt yo.

MADAN JEAN

Yon peyi plis pase 80 pousan se lekòl prive ki ladan'l. 60 a 70 moun ki pral nan ekzamen leta yo se moun ki san manman osinon san papa yo ye. Paran fè vye sakrifis pou pran fich pitit yo nan lekòl poutan yon gwoup san pidè menm deside moun sa yo pa gen dwa al konpoze pandan pitit pa yo ap pran bon jan edikasyon nan peyi blan.

(MADAN JEAN te kanpe, li rale yon chèz pou'l chita.)

JEAN

W'ap pale la koms'i'w se yon afè. Sa'w konnen?

JUNIOR

M'pa konn anyen menm konnen'n dwe bay moun yo yon chans pou y'al nan egzamen, se yo'k pral ranplase'n demen. Edikasyon se motè sosyete nan yon peyi.

MADAN JEAN

Isi a menm edikasyon pa reprezante anyen.

JUNIOR

Anpil nan desizyon'n pran se akòz mank edikasyon. Poukisa chak lè'n mete yon prezidan, nou pa menm ka tann 2 ane nou mande mete'l atè?

JEAN

Paske prezidan an pa bon.

JUNIOR

Avan'n te mete'l la nou pa't wè'l pa't bon? Se sa'n di wi pou tout prezidan'n mete yo. Kou kabrit finn pase a se lè sa n'ap rele fèmen bayè.

JEAN

Fèmen kisa?

JUNIOR

Fèmen bayè.

JEAN

Yo pa di bayè. Koriye djòl ou lè w'ap pale sou moun.

JUNIOR

Kote'w m'pran wi.

FABIOLA

manifestasyon an menm se youn nan pi gwo pwoblèm mwen avèk pèp Ayisyen. Yo pa konn kòman pou yo manifeste. Pou yo manifeste se kraze biznis moun, boule kawotchou, dechèpiye afè moun.

(DAVID rantre, li chita kote mesye dam yo.)

JUNIOR

Egzakteman. Mwen m'pa gen pwoblèm ak manifestasyon an non. Se jan yo fè'l la ki deranje'm. Chak manif ki genyen yo bloke lari a. Lè yo bloke lari a kote m'ap pase pou'm al lekòl? Y'ap boule kawotchou, y'ap voye wòch epi sa'w tande a lekòl fèmen epi pwoblèm nan kò elèv.

DAVID

Pwoblèm?

FABIOLA

Wi, ou menm, tout moun konnen'w pa renmen lekòl.

JEAN

M'pap sezi non si'm wè'l senatè osinon depite nan peyi a demen. Hahahahaha! Da, eple imèl pou mwen.

FABIOLA

Hey Da, eple 4 pou mwen an chif women. Mwen m'pap sezi si'm wè'l prezidan. Da, eple episkopal.

MADAN JEAN

Hey sispann ak bagay sa. Gad madan'm nan nou t'ap gad nan jounal la lòtjou a. Sèl grenn pitit li a pa't nan anyen ak moun. L'ap sot lekòl byen pwòp, vagabon detwi lavi pitit la.

JEAN

Se prezidan an pou'n voye ale. Si se pa sa aryen pap janm chanje nan peyi a.

JUNIOR

Papa yo pa di aryen.

JEAN

Kounya la ou ka montre'm pale? Lè'w konn kòman yo di baryè wa pale.

(Silans.)

JUNIOR

Henry Namphy pran pouvwa 7 Fevriye 1986 pou 7 Fevriye 1988, li pa fè 3 an. Leslie Manigat pran pouvwa 7 Fevriye 1988 pou 20 Jen 1988, li pa fè 6 mwa. Henry Namphy retounen pran pouvwa soti 20 Jen 1988 pou 17 Septanm 1988, li pa fè 6 mwa. Prosper Avril pran pouvwa 17 Septanm 1988 pou 10 Mas 1990, li pa fè 3 an. Herard Abraham pran pouvwa 10 Mas 1990 pou 13 Mas 1990, li pa fè yon semèn sou pouvwa. Ertha Pascal-Trouillot--

FABIOLA

Yeesss, premye fanm ki prezidan peyi a.

MADAN JEAN

Yo konnen'w, ou pap manke yo.

DAVID

Annnhh tchuips, bay moun tèt yo ak fanm prezidan'w la. Fa, nan tele wa wè fanm prezidan tande.

JUNIOR

M'ka kontinye? Manzè pran pou pouvwa 13 Mas 1990 pou 7 Fevriye 1991, li pa fè 2 an. Jean-Bertrand Aristide pran pou 7 Fevriye 1991 pou 29 Septanm 1991, li pa fè 8 mwa. Raoul Cedras pran pou 29 Septanm 1991 pou 8 Oktòb 1991, li pa fè 2 mwa. Joseph Nerette pran pou 8 Oktòb 1991 pou 19 Jen 1992. Li pa fè 1 an. Marc Bazin pran pou 19 Jen 1992 pou 15 Jen 1993, li pa fè 2 an. Jean-Bertrand Aristide re-pran pou 15 Jen 1993 pou 12 Me 1994, li pa fè 2 an. Emile Jonassaint pran pou 12 Me 1994 pou 12 Oktòb 1994. Li pa fè 6 mwa. Jean-Bertrand Aristide re-pran pou 12 Oktòb 1994 pou 7 Fevriye 1996. Li pa fè 3 an. Boniface Alexandre pran pou 29 Fevriye 2004 pou 14 Me 2006. Li pa fè 3 an. Jocelerm Privert pran pou 14 Fevriye 2016 pou 7 Fevriye 2017. Li pa fè 2 an. Kounya la gen tèt zo a ke'n apèn mete sou pouvwa a men'n finn anraje pou'n mete'l atè. Ki sans nou wè bagay sa gen la mezanmi?

FABIOLA

Sans inik paske se toujou menm penpenp la. Nou pa remake ke tèt majorite politisyen Ayisyen sans inik tou?

JUNIOR

Menm jan ak Da, konesans ak enfòmasyon pa rantrè nan sèvel tèt yo youn.

MADAN JEAN

Kisa'm di nou pou vye blag sa yo?

JEAN

Epi? Bon yo pa respekte'w.

DAVID

Kite yo pale manman, sèlman jis veye bous ou epi bouche nen'w pou'w pa endispoze.

JUNIOR

Se nou'k ba yo pouvwa. Se pèp la'k mete yo. Pèp la ki lakoz sa.

FABIOLA

Anpil moun pa vle dakò sa non.

JUNIOR

Si pèp la te konn pouvwa yo Ayiti pa t'ap nan tout simagri sa'l ye la jodia. Men malerezman anpil nan nou bezwen edikasyon.

(JEAN gad MADAN JEAN.)

MADAN JEAN

Se pa manti l'ap fè non. Pi gwo pwoblèm ki fè'n kote'n ye jodia se pwoblèm edikasyon. Lè m'ap pale de edikasyon m'pap pale de fini lekòl, fè reto ak filo non. M'vle di ke'n pa fòme, nou pa enstwi, nou pa gen savwa viv. Nou viv nenpòt jan nan sosyete a. Nou pa respekte lanati, anyen. Nou viv vay ke vay, tankou bèt.

JUNIOR

Soti 1986 pou rive 2018 sa fè 32 ane e nan 32 ane sa nou pase 21 prezidan san konte konsèy ministeryèl.

MADAN JEAN

Premye minis menm se pa pale. Nou chanje premye minis tankou grenn ki nan berejèn. Avan'w bat je'w nou gen yon nouvo premye minis.

JUNIOR

Ak kalte sistèm sa ki avansman'w panse'n ka fè si'n pa chanje mantalite'n.

Atitid JEAN chanje. Li sanble

ak yon moun ki pèdi yon
batay.)

JEAN

Sèl sa'm konnen se ke sou papa dòk ak bebi dòk
peyi a te pi bon. Pa't gen tout chimè sa yo.
Manje pa't chè. Te gen sekirite epi tout moun
te respekte moun.

JUNIOR

Papa se an 2018 nou ye la wi. Pa gen afè papa
ak bebi dòk ankò. Kote yo? Tou 2 mouri. W'ap
pale bagay ki gen pase 30 lane. Nou bezwen
solisyon kounya. Nou bezwen regle bagay
konkrè. Nou bezwen prezidan serye. Nou bezwen
politisyen ki gen nen nan figi yo. Se pou'n
sispann vote moun san edikasyon. Tout lòt peyi
ap devanse'n. Jan moun yo renmen di a nou nan
bouda kamyonèt la. Nou bezwen chanjman.

DAVID

Si'n pa fè chanjman, menm Lagonav ap devanse
kite Ayiti si'n kontinye mennen bak peyi a
konsa.

FABIOLA

Aaaanmmmmwwweeeeyyyyy!!!!!!! Jezi, Mari,
Jozèf! Mwen mouri.

JUNIOR

M'pa sezi non.

(MADAN JEAN ap gad JUNIOR ak
FABIOLA k'ap touye tèt yo
ri, li anvi ri tou men'l pa
kapab.)

MADAN JEAN

Wi Da, pffsss...sa vre li a nou bezwen
chanjman...pffsss...Anpil anpil chanjman!

(Silans.)

JUNIOR

M'gen yon kesyon pou nou, si demen maten'n

leve epi yo chwazi youn nan nou pou dirije peyi a ki premye chanjman'n t'ap pote? Ki premye bagay nou t'ap fè? Si'n ta gen pou'n poze kandidati'n pou pòs senatè, depite osinon prezidan-poukisa'n t'ap vle yon moun vote pou nou?

MADAN JEAN

Ban'm wè sa'm t'ap fè. Humm. M'pap gen ase tan pou'm detaye tout vizyon'm gen pou peyi a men m'ap pataje enpe ak nou. M't'ap kreye yon pwogram pou ale nan tout lekòl nan peyi a pou'm fè edikasyon seksyèl jèn yo konsa'n t'ap gen mwens gwosès prematire paske nan kondisyon'n ye la a nou pa gen kote pou'n mete moun ankò. M't'ap ranfòse lapolis la, m'pa konn si'm t'ap kreye yon lame men--

JEAN

Men sa m'ap di a wi. Sou papa dòk ak bebi dòk te gen lame.

(JUNIOR ak MADAN JEAN gad JEAN tankou'l te yon moun ki tonbe sou tèt.)

MADAN JEAN

M't'ap asire'm ke PNH la gen mwayen nesèsè pou yo sekirize pèp la. M't'ap asire'm ke si PNH la kenbe yon kriminèl ki touye yon moun nou egzekite'l yon fwa pou tout pou'l pa janm fè sa ankò paske'm pap investi nan kreye plis prizon, okontrè m't'ap investi nan prizonye ki fè lòt krim yo, m't'ap ba yo edikasyon epi fè yo travay gratis nan re-konstriksyon mezi se bagay ki gen nan peyi a. M't'ap fè yo travay lajounen epi dòmi nan prizon an nan aswè. M't'ap chache investisè etranje pou vin investi nan peyi a, pou yo vin fè machinn, wobo, konmpitè, telefòn, ouvri faktori, pak endistriyèl tout kalte pandan m'ap ede investisè Ayisyen yo nan devlope biznis yo. Kòman'n ta vle fè konprann pou yon moun k'ap viv Jakmèl ki bezwen ale la a Miyami ki 2 pa

avèk nou an oblije kite Jakmèl pou'l pike desann jis Pòtoprens pou'l pran avyon paske se la sèlman'k gen èpòt? Non, bagay sa pa fè sans. Nou bezwen omwen 3 gwo èpòt nan peyi a, youn nan Nò, sa Okap la'n ka ranfòse'l, youn nan Lwès, sa Pòtoprens la'n ka ranfòse'l epi'n konstwi youn nan Sid peyi a konsa tout peyi a ka jwenn aksè e sa va ede'n nan kreye plis destinasyon touristik pou'n resevwa touris k'ap sot nan lòt peyi pou vin depanse lajan yo nan bèl Ayiti nou an. M't'ap kreye yon pwogram pou Ayisyen k'ap viv nan peyi blan yo kapab retounen vin travay osinon fòme jèn Ayisyen'n gen isit yo paske si'n pa fòme moun ki pou fòme lòt moun se ap lave men siye atè. M't'ap regilarize legliz yo paske bagay sa yo tounen biznis kounya, m't'ap kareman kanpe mezi se legliz m'wè k'ap fonksyone nan figi moun la yo. Gad 3 pastè ki gen non yo kòmanse pa M la, ann rele yo pastè MuMaMa, nèg sa yo gen yon ekip moun k'ap mache nan swadizan legliz yo epi moun sa yo menm kite nèg yo ap fè yo fè makak, di tenten, vide tenten sou tèt yo-- tout sa se paske pèp la pa gen ase edikasyon pou yo konprann ke sa y'ap mete nan tèt yo a pa bon. Antanke yon kreyen epi dam misyonè legliz ki fòme m'pa t'ap kite ranstay sa ap fèt nan figi moun. M't'ap voye ni pastè yo ni fidèl yo lekòl pou yo ka resevwa bon jan fòmasyon pou yo ka sispann di ak fè seri betiz sa yo nan figi moun. M'pa t'ap kreye lòt lopital pa avan ke m'ranfòse sa'n gen la deja yo. M't'ap ranfòse inivèsite'n yo, m't'ap kreye omwen 2 gwo inivèsite nan chak depatman yo eksepte pòtoprens paske'n deja gen twòp inivèsite la, m't'ap jis derasine tout sa'k pa bon yo epi bay bourad ak sa'k gen nen nan figi yo a.

FABIOLA

E ou papa?

JEAN

M't'ap bati lekòl, lopital ak kreye travay--

JUNIOR

Ok ok, ann kite sa.

MADAN JEAN

Men kite papa'w finn pale non.

JUNIOR

Bati lekòl ak lopital? Nèg la pa gen anyen'k serye l'ap di.

(JEAN gad MADAN JEAN. Li mache sou JUNIOR, li met men nan kòlèt li epi'l ba'l yon kokenn pata-flèt.)

DAVID

Anmweey, se pa kò'w ou t'ap kale sou mwen? W'ap kite soumoun jodia! Ba li papa, ba li!

(JUNIOR ap goumen pou'l retire men JEAN nan kòlèt li, MADAN JEAN kouri al separe yo.)

JEAN

M'pa janm nan ranse ak vagabon mwen menm. W'ap respekte'm nan kay isi a mwen. W'ap di'm pa edike m'pa sesi m'pa sela, se pou ou wi m'te kite lekòl, pou'm te ka al chache lavi pou'm okipe'w. Ou konn ki valè sakrifis mwen ak manman'w fè pou'w rive kote'w ye a la? Si'w pa respekte manman'w mwen menm w'ap respekte'm. M'pat pran sa kòm eskiz pou'm te ret nan mizè, nan labou, nan fatra san m'pat janm avanse. M'pat chita nan baz, blè kleren, fimen tchanpan ak vagabon tankou'w yo. Gade monchè, m'pa kanmarad ou! Sant sa'w pran an se mwen k'ap kwit li.

(Dlo ap koule sot nan je JEAN men'l kontinye ap pale.)

Lè'm te finn fè'w m'pat chita grennen pitit nan 4 kwen peyi a san'm pap leve lou ak lejè. M'te leve dèyè'm al chache travay pou'm fè. Jodia si'w ka fini lekòl, si'w ka ap prepare'w pou'w antre nan inivèsite se paske'm te gen

yon vizyon pou ou. Si'w santi'w twò gran moun pou'w viv isi a chache wout ou. Gran moun pa ret ak gran moun.

(Silans.)

MADAN JEAN

Junior ou dwe respekte papa'w. Si'w la jodia se li'k mete'w la. M'konnen ke'n pa pataje menm ideyoloji men'l se papa'w, ou dwe'l respè menm jan'w dwe'm respè.

(JEAN kontinye ap kriye.)

(Silans.)

JEAN

Li panse paske'l gen 2 a 3 grenn bagay nwa k'ap leve anba bwa'l la li se gran moun. Non non, pa nan vye kay mwen an. Kote'm te ka pale ak papa'm konsa? Ou fè vi'w ap redi pou yon pitit pou se konsa l'ap pale avè'w? Pito e te vre!

(Silans.)

FABIOLA

E ou Junior?

JUNIOR

E mwen kisa?

(Silans.)

MADAN JEAN

Si demen maten'w leve epi yo chwazi'w pou dirije peyi a ki premye chanjman'w t'ap pote? Ki premye bagay ou t'ap fè? Si'w ta gen pou'w poze kandidati'w pou pòs senatè, depite osinon prezidan- poukisa'w t'ap vle yon moun vote'w?

JUNIOR

Premye sa'm t'ap fè m't'ap fè yon resansman nasyonal pou'm konn konbyen moun nou gen nan tout 4 kwen peyi a paske chanjman'm t'ap vle pote yo m'pa t'ap vle kite ni mete oken pitit

peyi a deyò ladan. Dezyèm sa'm t'ap fè m't'ap ranfòse sistèm edikasyon nou an. M'pa t'ap bati plis lekòl paske se pa pwoblèm lekòl nou genyen. Nou gen pwoblèm fòmasyon, nou pa gen ase moun pou enstwi pèp la. Si gen yon bagay nou pa manke nan peyi a se lekòl, legliz ak peristil men konbyen moun nan pèp la ki vrèman edike? M't'ap kreye osinon ranfòse pwogram alfabetizasyon nan tout 4 kwen peyi a pou moun ki pa konn li ak ekri yo kapab entegre sosyete edikatif la konsa t'ap gen plis moun ki pou entegre peyi a sosyalman. M't'ap kreye yon pwogram kote'm peye inivèsite pou omwen 100 elèv pou yo al etidye nan peyi blan, epi lè yo finn aprann sa yo chwazi aprann la m'fè yo retounen vin travay nan administrasyon piblik la osinon fè yo anseye lòt elèv nan inivèsite'n yo nan tout peyi a. M't'ap deplase enpe nan ministè ki nan pòtoprens yo pou'm mete yo nan pwovens, konsa m't'ap kreye plis wout pou'n ka gen aksè nan tout kat kwen peyi a nan yon tan ki pa long si n'ap kondwi. Nou gen 10 depatman men'n gen prèske 20 ministè donk m'pa t'ap ezite mete 2 ministè nan chak depatman epi kreye anèks chak ministè sa yo nan pòtoprens ak nan lòt vil pwovens yo konsa tout moun pa t'ap bezwen desann pòtoprens pou yo resevwa sèvis.

JEAN

Nan ki peyi'w t'ap--

MADAN JEAN

Hey hey, kite'l pale.

JUNIOR

M't'ap pase lwa pou redwi kantite moun ki poze kandida pou pòs prezidan nan peyi a. Nou gen 10 depatman donk pa gen rezon pou'n gen pase 50 endividi ki poze kandida pou yo prezidan. M't'ap redwi kantite pati politik nou gen nan peyi a ak 2 pati politik sèlman, bagay sa yo grennen tankou djondjon. Chak pati politik t'ap gen dwa ak 2 kandida

prezidansyèl konsa m't'ap kòmanse premye tou eleksyon an ak 4 kandida epi fini dezyèm tou a ak 2. Nan fason sa pèp la t'ap pi alèz nan chwa kandida l'ap fè sou bilten an. M't'ap entèdi nepòt moun ki vle okipe yon plas nan gouvènman an vwayaje si se pa yon vwayaj diplomatik ki egzije ke yo la. M't'ap entèdi pou fanmi yo viv nan peyi blan tou, pitit yo pa gen dwa lekòl nan peyi blan, lè yo malad yo dwe ale nan lopital leta paske se ofisye leta yo ye, konsa yo t'ap peye plis atansyon ak byen leta ak kòman yo dwe jere yo. Anplis, m'pa t'ap peye yo yon pyas paske y'ap manje manje leta, y'ap woule machinn leta ak gaz leta, tout afè yo sou kont leta donk pou ki rezon pou leta ta ap peye yo la? Okontrè se avèk salè tout palmantè, minis, direktè jeneral yo menm m'tap devlope peyi a. M't'ap kreye yon lwa pou regilarize zam k'ap sikile nan peyi a paske si'w pap travay, ou pa gen gwo biznis ni'w pa polisye kòman'w fè ap sikile ak gwo bout zam ou nan figi moun nan peyi a? M't'ap koupe sa sèk. M't'ap kreye yon gwo tonton mwayen transpò piblik ke pèp la t'ap ka konte sou li pou yo deplase nan peyi a an sekirite. M't'ap etabli yon kontra ak youn nan gwo nasyon ki zanmi Ayiti yo pou yo ka vin fòme pwofesyonèl sante, konstriksyon ak syantifik epi mande yo konstwi nan peyi a epi apre menm pwofesyonèl sa yo ka travay pou ede Ayiti peye dèt la. M'gen lòt toujou wi men m'pap devwale tout sekrè'm.

(Silans.)

JEAN

Monchè konpliman. Anpil nan moun sa yo lage kò yo nan politik se pou yo ka vin souse kòb leta donk m'apiye'w nan pa ba yo yon goud la. M'apresye fason'w panse a.

FABIOLA

Mezanmi bagay la senp, nan pwochèn eleksyon'k pral fèt la yo nou dwe fè yon lis menm jan ak

2 lis sa yo epi vote pou kandida'n wè'k gen sa'n gen nan lis nou an nan lis yo. Sispann pran bèl pawòl nan men polisye Ayisyen epi sispann vote pou 1000 goud men vote pou chanjman.

MADAN JEAN

Oh oh ala fanm frekan. M'pat jan'm te konn vote pou 1000 goud mwen menm.

JEAN

Mwen menm tou.

(Gen yon limyè'k limen nan sal a manje a.)

DAVID

Weeeeeeeeyyyy yo bay kouran!

(FABIOLA ak DAVID kouri leve pou yo deplase.)

MADAN JEAN

Avan'n deplase al nan tele a m'vle nou chak la repete yon Pwovèb pou mwen. Kiyès ki vle kòmanse?

DAVID

Pwovèb 29 vèsè 2: "Lè se moun serye, moun edike ki chèf, pèp la kontan. Men, lè se moun sòt, moun mechan k'ap gouvènen, pèp la nan lapènn." M'ka ale kounya?

MADAN JEAN

Fafa?

FABIOLA

Pwovèb 28 vèsè 2: "Si pèp Ayisyen an pa edike tèt li epi sispann fè sa ki mal, ebyen se chak jou y'ap fè yon manifestasyon pou mande yon lòt prezidan. Men si yo edike tèt yo epi vote yon moun ki gen bon konprann, yon moun ki konnen sa l'ap fè, gouvènman an ap kanpe pou lontan epi peyi a ap gen yon soulajman."

MADAN JEAN

Junn?

JUNIOR

M'gen 2, premye a se Pwovèb 11 vèsè 14 ki di: "Si pèp Ayisyen pa janm sispann met moun sòt pou gouvènèn Ayiti, peyi a pap janm ka mache. Okontrè, se lè yo tout met tèt yo ansanm pou yo travay youn ak lòt san kraze brize, peyi a va avanse."

DAVID

Bay dezyèm la vit pou'm ka ale.

JUNIOR

Dezyèm la se Pwovèb 29 vèsè 4 ki di: "Jou'n vote yon prezidan'k pa nan patipri, yon prezidan'k pa sòt ebyen peyi a va kanpe byen fèm. Men, depi se moun sòt, souflantchou, politisyen'k nan resevwa lajan sou kote anba anba, se fini y'ap fini ak peyi a."

FABIOLA

E ou manman? Ki Pwovèb pa'w la?

MADAN JEAN

Pwovèb 14 vèsè 23: "Si pèp Ayisyen an fè tèt li travay, yo va jwenn tout sa yo bezwen pou yo rekonstwi Ayiti. Men si yo rete chita ap pale anpil tout lasent jounen sa ap rann yo vin pi pòv."

(Limyè'k te apèn limen nan sal a manje a gentan etèn.)

JUNIOR

Kounya banm poze'n kesyon sa, apa de fè manifestasyon, kraze brize, boule kawoutchou, voye wòch, bloke lari, bloke lekòl, travay, legliz ak tout lòt aktivite'k rann peyi a fonksyonab nan voye prezidan an ale, ki lòt mwayen'n panse'k genyen pou'n fè sa? Ki lòt strateji'n panse'n ka anplwaye?

MADAN JEAN

Talè m'ap reponn ou Junn. Hey Fafa, kounya sa monte nan tèt mwen la, lòt jou a ou te di'w gen yon bagay pou'w di'm wi-- kisa'l ye?

(MADAN JEAN, DAVID, JUNIOR
ak JEAN pote atansyon yo sou
FABIOLA pou tandè sa'l gen
pou'l di a.)

FABIOLA

Ah pa enkyete'w. Ma gentan di'w.

DAVID

Di bagay la non makak. M'bezwen konnen wi.

MADAN JEAN

Pale non pitit.

FABIOLA

Lòt jou a lè'm t'ap vomi an se pat gaz m'te
genyen. Se ansent...mwen...mwen...mwen...
ansent...pou Ricky.

(Silans.)

(Fènwa.)

(FINI.)